मैथिल सम्प्रदायक

# श्रीसत्यनारायण पूजा पद्धतिः

( मैथिली टीका )

M.Katyayana

संपादक :

पं० श्री गोपीकान्त झा

रहिका, मधुबनी

उर्वशी प्रकाशन,

किसान कोल्ड स्टोरेज लेन, मुसल्लहपुर

पटना-६ मूल्य : १५/-टका

# पूजाक सामग्री

| | | |
|---|---|---|
| तेकुशा | पूड़ा | अन्यान्य फल |
| तिल | सिन्दूर | तथा पक्वान्नादि |
| जल | फूलक माला | ० पंचामृत– |
| यव | तुलसी माला | यज्ञोपवीत |
| अक्षत | विल्वपत्र | पीतवस्त्र |
| श्रीखण्ड चानन, रक्त चानन | दूबि | ०० अपूंग नैवेद्य– |
| चन्द्रौटा | धूप | चौरठ |
| अर्घा | दीप | ००० दिव्यान्न (घोरल प्रसाद) |
| पञ्चपात | पान | चूड़ा, दही |
| आचमनि | सुपारी | चीनी |
| घण्टी | नैवेद्य | कर्पूर, घी |
| सराई | पाकल केरा | दक्षिणा द्रव्य |

० **पंचामृत**–गायक दूध, दही, घृत, मधु तथा शक्कर मिश्रित पदार्थ।
०० **अपूंग नैवेद्य**–पाकल केरा, घृत, दुग्ध, शक्कर तथा अन्यान्य प्रकारक मेवासँ युक्त गहूँमक चिक्कस।
००० **घोरा प्रसाद**–शक्कर तथा पाकल केरा मिश्रित गायक दूध।

# अथ श्री सत्यनारायण पूजा प्रारम्भः

## पूजाविधिः

तत्र कृतनित्यक्रियो व्रती पूजास्थानमागत्य शुद्धासने रात्रौ उदङ्मुखः ✪ उपविश्य त्रिकुशहस्तः– ॐ अपवित्रः पवित्रो वा सर्वावस्थां गतोऽपि वा। यः स्मरेत् पुण्डरीकाक्षं स वाह्याभ्यन्तरः शुचिः ॥ ॐ पुण्डरीकाक्षः पुनातु ॥ इति देयद्रव्यात्मानं चाभिषिच्य प्रथमं पञ्चदेवताः (विष्णुंच) पूजयेत्।

**पञ्चदेवता पूजा**—कुशहस्तः अक्षतान्यादाय–ॐ भूर्भुवः स्वः श्रीगणपत्यादि पञ्चदेवता इहागच्छत इहतिष्ठत इत्यावाह्य । जल लऽ—एतानि-पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ श्री गणत्यादि-पञ्चदेवताभ्यो नमः । इदमनुलेपनम्०। इदमक्षतम्०। एतानि पुष्पाणि। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप -दीप-ताम्बूल-यथाभाग नानाविधनैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्०। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ श्रीगणपत्यादि पञ्चदेवताभ्यो नमः ।

**विष्णु पूजा**—यव तिलान्यादाय—ॐ भूर्भुवःस्वः भगवन् श्रीविष्णो इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य। जल लऽ—एतानि-पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय पुनराचमनीयानि भगवते श्री विष्णवे नमः। इदमनुलेपनम्०। एते यव-तिलाः०। एतानि पुष्पाणि० ।इदं तुलसी पत्रं०।इदं दूर्वादलं०। जल लऽ-गन्धपुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल यथाभाग नानाविध नैवेद्यानि० । इदमाचमनीयम्०। एष पुष्पांजलिः ॐ भगवते श्री विष्णवे नमः । ०

---

✪ उदङ्मुखः–रात्रावुदङ्मुखः कुर्याद् देवकार्यं सदैवहि इति गोभिलवचनाद् उदङ्मुखोपवेशनम्।
✪ गणेशं च दिनेशं च वह्निं विष्णुं शिवम् शिवां संपूज्य देवषट्कं सोऽधिकारी च पूजने इति ब्रह्मवैवर्त वचनात्। पंचदेवतापूजानन्तरम् विष्णुपूजां कुर्यात् ।

## संकल्पः

ततः–कुशत्रय-तिल-जलान्यादाय–ॐ अस्यां रात्रौ अमुके मासि अमुके पक्षे अमुकतिथौ अमुक-गोत्रस्य मम श्री अमुकशर्मणः सपरिवारस्य सकल-दुरितोपसर्गापच्छान्तिपूर्वक सकलमनोरथ-सिद्ध्यर्थं यथाशक्ति गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यज्ञोपवीत-वस्त्रापुंग-नैवेद्यादिभिः अंगदेवता-पूजापूर्वक ( पूर्वाङ्गीकृत ) श्री सत्यनारायण पूजनं तत्कथा श्रवणं चाहं करिष्ये। ✪

## अङ्गदेवता पूजनम्

१. **लक्ष्मी पूजा**–अक्षतान्यादाय–ॐ भूर्भुवः स्वः श्रीलक्ष्मि इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य। जल-एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ श्री लक्ष्म्यै नमः । इदमनुलेपनम्०। इदं सिन्दूराभरणम्०। इदमक्षतम्०। इदं पुष्पम्०। इदं विल्वपत्रम्०। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानाविध नैवेद्यानि०। इदमाचमीयम्०। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ भूर्भुवः स्वः श्री लक्ष्म्यै नमः।

२. **सरस्वती पूजा**–अक्षतान्यादाय–ॐ भूर्भुवःस्वः श्री सरस्वति इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य। जल-एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ श्री सरस्वत्यै नमः । इदमनुलेपनम्०। इदं सिन्दूराभरणम्०। इदमक्षतम्०। इदं पुष्पम्। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानाविध-नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ भूर्भुवः स्वः श्रीसरस्वत्यै नमः।

---

✪ अन्योद्देश्यकपूजायां संकल्पवाक्ये– तन्नामग्रहणं गोत्रग्रहणं 'करिष्ये' इत्यस्यस्थाने 'करिष्यामि' इति।



३. **आदिपुरुष पूजा**–अक्षतान्यादाय–ॐ भूर्भुवः स्वः श्री आदिपुरुष इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य।
जल लऽ–एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ श्रीआदिपुरुषाय नमः। इदमनुलेपनम्०। इदमक्षतम्०। इदं पुष्पम्। इदं तुलसीपत्रम्०। इदं दूर्वादलम्। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानाविध-नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ श्रीआदिपुरुषाय नमः।

४. **अनादिपुरुष पूजा**–अक्षतान्यादाय–ॐभूर्भुवःस्वः श्री अनादिपुरुष इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य जल लऽ–एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ श्री अनादिपुरुषाय नमः। इदमनुलेपनम्०। इदमक्षतम्। इदं पुष्पम्। इदं तुलसीपत्रम्०। इदं दूर्वादलम्। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानावि- नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ श्री अनादिपुरुषाय नमः।

५. **इन्द्रादिदशदिक्पाल पूजा**–अक्षतान्यादाय–ॐ भूर्भुवः स्वः श्री इन्द्रादि-दशदिक्पालाः इहागच्छत इहतिष्ठत इत्यावाह्य-जल लऽ–एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ इन्द्रादि दशदिक्पालेभ्यो नमः। इदमनुलेपनम्०। इदमक्षतम् । एतानि पुष्पाणि०। एतानि तुलसी पत्राणि०।एतानि दूर्वादलानि०।एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानाविध-नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्०। एष पुष्पाञ्जलिः ॐ इन्द्रादिदशदिक्पालेभ्यो नमः।

६. **नवग्रह पूजा**–अक्षतान्यदाय–ॐ भूर्भुवः स्वः ( साधिदैवत-सप्रत्यधिदैवत-विनायकादिपञ्चक

सहित ) नवग्रहा: इहागच्छत इहतिष्ठत इत्यावाह्य—एतानि पाद्यार्घाचमनीय स्नानीय पुनराचमनीयानि ॐ ( साधिदैवत-सप्रत्यधिदैवत विनायकादिपञ्चकसहित ) नवग्रहेभ्यो नमः। इदमनुलेपनम्०। इदमक्षतम्। एतानि पुष्पाणि०। एतानि तुलसीपत्राणि०। एतानि दूर्वादलानि०। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप-ताम्बूल यथाभाग-नानाविध-नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्०। एष पुष्पाञ्जलि: ॐ ( साधिदैवत-सप्रत्यधिदैवत-विनायकादि-पञ्चकसहित ) नवग्रहेभ्यो नमः।

७. **ससीत रामलक्ष्मण पूजा**—यव-तिलान्यादाय—ॐ भूर्भुव: स्व: श्री ससीत रामलक्ष्मणौ इहागच्छतमिहतिष्ठतम् इत्यावाह्य—एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय पुनराचमनीयानि ॐ श्रीससीत-राम-लक्ष्मणाभ्यां नमः। इदमनुलेपनम्०। एते यवतिला:। एतानि पुष्पाणि०। एतानि तुलसीपत्राणि०। एतानि दूर्वादलानि०। एतानि गन्ध-पुष्प-धूप- दीप-ताम्बूल-यथाभाग-नानावि-नैवेद्यानि०। इदमाचमनीयम्०। एष पुष्पाञ्जलि: ॐ श्रीससीत रामलक्ष्मणाभ्यां नमः।

## अथ पंचोपचार श्री सत्यनारायण पूजा

यव तिलान् गृहीत्वा—ॐ भूर्भुव: स्व: भगवन् श्रीसत्यनारायण इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य ( शालिग्राम शिला पर )। पुष्पं गृहीत्वा—

ॐ ध्यायेत् सत्यं गुणातीतं गुणत्रयसमन्वितम्। लोकनाथं त्रिलोकेशं पीताम्बरधरं हरिम्॥ इन्दीवरदलश्यामं शंखचक्रगदाधरम्। नारायणं चतुर्वाहुं श्रीवत्स-पदभूषितम्। गोविन्दं गोकुलानन्दं जगतः पितरं गुरुम् ॥ इदं ध्यानपुष्पम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। ततः अर्घमादाय—



ॐ व्यक्ताव्यक्तस्वरूपाय हृषीकपतये नमः। मया निवेदितो भक्त्या अर्घोऽयं प्रतिगृह्यताम्॥

एतानि पाद्यार्घाचमनीय स्नानीयपुनराचमनीयानि ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः । ततः पीतवस्त्रमादाय—ॐ इदं पीतवस्त्रं वृहस्पतिदैवतम् भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः यज्ञोपवीतमादाय—ॐ इमे यज्ञोपवीते वृहस्पतिदैवते भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। इदमाचमनीयम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। इदमाचमनीयम् ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः चन्दनमादाय—इदमनुलेपनम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। यव तिल—एते यवतिला: ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः । ततः पुष्पाण्यादाय—

ॐ नमस्ते विश्वरूपाय शंखचक्रधराय च।
पद्मनाभाय देवाय हृषीकपतये नमः॥
नमोऽनन्तस्वरूपाय त्रिगुणात्मविभाजिने।

एतानि पुष्पाणि ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः चन्दनसहितानि तुलसीपत्राणि आदाय-एतानि सचन्दनतुलसी पत्राणि ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः पुष्पमाल्यं गृहीत्वा—इदं पुष्पमाल्यम् ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः दूर्वादलान्यादाय—एतानि दूर्वादलानि ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। ( ततः एकं विल्वपत्रं गृहीत्वा-इदं विल्वपत्रम् ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः ) ततः धूपमादाय-एष धूप: ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः दीपमादाय-एष दीप: ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः। ततः जलं गृहीत्वा—एतानि गन्ध-पुष्प-धूप-दीप ताम्बूल-यथाभाग-नानाविध- नैवेद्यानि ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः।

ततः अपुङ्गनैवेद्यं गृहीत्वा–

ॐ त्वदीयं वस्तु गोविन्द तुभ्यमेव समर्पितम् । गृहाण सुमुखो भूत्वा प्रसीद पुरुषोत्तम।

इदम पुंगनैवेद्यम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। एतानि पृथुकान्नानि ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। इदं ससितदधि-चिपटान्नम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः॥ ( अनेनैव क्रमेण अन्यान्यपि आसादित वस्तूनि उत्सृजेत् ) ततः इदमाचमनीयम् ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः। ( ततः पुष्पाञ्जलिः ) पुष्पाण्यादाय–

ॐ अमोघं पुण्डरीकाक्षं नृसिहं दैत्यसूदनम्। हृषिकेशं जगन्नाथं वागीशं वरदायकम्॥
गुणत्रयं गुणातीतं गोविन्दं गरुड़ध्वजम् । जनार्दनं जनानन्दं जानकीवल्लभं जयम्॥
प्रणमामि सदा सत्यनारायणमतः परम् । दुर्गमे विषमे घोरे शत्रुभिः परिपीडिते॥
विविधापत्सु दुष्टेषु तथाऽन्येष्वपि यद्भयम् । नामान्येतानि सङ्कीर्त्य ईप्सितं फलमाप्नुयात्॥
सत्यानारायणं देवं वन्देऽहं कामदं प्रभुम्। लीलया च ततं विश्वं येन तस्मै नमो नमः।
एष पुष्पाञ्जलिः ॐ भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः ।
( ततः पूर्वोक्तमन्त्रेण वारद्वयं पुनः पुष्पाञ्जलिं दद्यात् )

## अथ षोडशोपचार पूजा विधिः

**प्राणप्रतिष्ठा**–यव तिलान्यादाय ( शालिग्रामशिलोपरि )–ॐ मनोजूतिर्जुषतामाज्यस्य वृहस्पतिर्यज्ञमि- मन्तनोत्वरिष्टं यज्ञवं समिमं दधातु । विश्वेदेवास इह मादयन्तामोम् प्रतिष्ठ ।



ॐ भूर्भुवः स्वः भगवन् श्रीसत्यनारायण ! इहागच्छ, इहतिष्ठि, इह सुप्रतिष्ठतो भव ॥

**ध्यानपुष्प**–ॐ ध्यायेत् सत्यं गुणातीतं गुणत्रयसमन्वितम्। लोकनाथं त्रिलोकेशं पीताम्बरधरं हरिम्। इन्दीवरदलश्यामं शंखचक्रगदाधरम्। गोविन्दं गोकुलानन्दं जगतः पितरं गुरुम्॥ इदं ध्यान-पुष्पं भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः॥ **आवाहन**–ॐ दामोदर समागच्छ लक्ष्म्या सह जगत्पते। इमां मया कृतां पूजां गृहाण पुरुषोत्तम॥ **पुष्पासन**–ॐ नानारत्नसमायुक्तं कार्तस्वरविभूषितम्। आसनं देव देवेश गृहाण पुरुषोत्तम॥ इदं पुष्पासनम् भगवते०॥ **पाद्य**–ॐ नारायण नमस्तेऽस्तु नरकार्णवतारक । पाद्यं गृहाण देवेश मम सौख्यं विवर्द्धय ॥ इदं पाद्यम् भगवते०॥ **अर्घ्य**–ॐ व्यक्ताऽव्यक्तस्वरूपाय हृषीकपतये नमः । मया निवेदितो भक्त्याऽर्घोयं प्रति गृह्यताम्॥ इदमर्घ्यम् भगवते०॥ **आचमन**–ॐ मन्दाकिन्यां तु यद्वारि सर्वपापहरं शुभम्। तदिदं कल्पितं देव सम्यगाचम्यतां त्वया॥ इदमाचमनीयम् भगवते०॥ **स्नान**–ॐ गंगा च यमुना चैव नर्मदा च सरस्वती। तीर्थानां पावनं तोयं स्नानार्थं प्रतिगृह्यताम्॥ इदं स्नानीयं भगवते०॥ **पञ्चामृत**–ॐ अनाथनाथ सर्वज्ञ गीर्वाणपरिपूजितः। स्नानं पञ्चामृतैर्देव गृहाण पुरूषोत्तम। इदं पञ्चामृतम् भगवते०॥ **शुद्धोदक**–ॐ परमानन्दतोयाब्धौ निमग्नस्तव मूर्तये। साङ्गोपाङ्गमिदं स्नानं कल्पयामि प्रसीदमे। इदं शुद्धोदक स्नानं भगवते०॥ **पीतवस्त्र**–ॐ पीताम्बरधरं देवं सर्वकामार्थ सिद्धये। मया निवेदितं भक्त्या गृहाण पुरुषोत्तम। इदं पीतवस्त्रं वृहस्पति दैवतं भगवते० ॥ **यज्ञोपवीत**–ॐ दामोदर नमस्तेस्तु त्राहिमाम् भवसागरात्। ब्रह्मसूत्रं सोत्तरीयं गृहाण पुरुषोत्तम। इमे यज्ञोपवीते वृहस्पति दैवते भगवते०॥ **चानन**–ॐ श्रीखण्डचन्दनं दिव्यं गन्धाढ्यं सुमनोहरम्। विलेपनं सुरश्रेष्ठ चन्दनं प्रतिगृह्यताम्। इदं

श्रीखंडचन्दनम् भगवते०। रक्त चानन–इदं रक्तचन्दनं भगवते०।। यव-तिल–ॐ यव-तिलाः सुरश्रेष्ठाः कम्बूजाश्च सुशोभनाः। वासुदेव जगन्नाथ प्रीत्यर्थं प्रतिगृह्यताम्। एते यवतिलाः भगवते०।। पुष्प–ॐ सुगन्धीनि सुपुष्पाणि देशकालोद्भवानि च। मयानीतानि पूजार्थं प्रीत्या तत् स्वीकुरु प्रभो। एतानि पुष्पाणि भगवते०।। पुष्पमाला–ॐ नानापुष्पविचित्राढ्यां पुष्पमालां सुशोभिताम्। प्रयच्छामि च देवेश गृहाण परमेश्वर। इदं पुष्पमाल्यम् भगवते०।। तुलसीदल–ॐ तुलसीं हेमरूपां च रत्नरूपां च मञ्जरीम्। भव मोक्षप्रदां तुभ्यमर्पयामि हरि प्रियाम्। एतानि तुलसी सुपत्राणि भगवते०।। दूर्वादल–इदं दूर्वादलं भगवते०।। धूप–ॐ वनस्पतिरसो दिव्यो गन्धाढ्यः सुमनोहरः। आघ्रेयः सर्वदेवानां धूपोयं प्रतिगृह्यताम्। एष धूपः भगवते०।। दीप–ॐ आज्यं च वर्तिसंयुक्तं वह्निना योजितं मया। दीपं गृहाण देवेश त्रैलोक्यतिमिरापह। एष दीपः भगवते०।। नैवेद्य–ॐ नैवेद्यं गृह्यतां देव भक्तिं में ह्यचलां कुरु। ईप्सितं च वरं देहि परत्र च पराङ्गतिम्। एतानि नानाविधनैवेद्यानि भगवते०।। अपुङ्गनैवेद्य–ॐ त्वदीयं वस्तु गोविन्द ! तुभ्यमेव समर्पितम्। गृहाण सुमुखो भूत्वा प्रसीद पुरुषोत्तम।। इदमपुङ्गनैवेद्यम् भगवते०।। चौरठ–ॐ कदली-गुड-संमिश्रणमतंडुलसंयुतम्। शर्करादिसमायुक्तं नैवेद्यं प्रतिगृह्यताम्। एतानि पृथुकान्नानि भगवते०।। घोरल प्रसाद–ॐ शर्करा-कदलीयुक्तं गोदुग्धेन समन्वितम्। नैवेद्यमुत्तमं देव गृहाण पुरुषोत्तम ।। एतानि सुस्वादुदिव्यान्नानि भगवते० । फल–ॐ फलान्यमृतकल्पानि स्थापितानि पुरतस्तव। तेन मे सफलावाप्तिर्भवेज्जन्मनि जन्मनि। एतानि नानाविध फलानि भगवते०।। चूड़ा-दही–एतानि ससित दधि-चिपटान्नानि भगवते०।। आचमन–ॐ सर्वपापहरं दिव्यं गांगेयं निर्मलं जलम्। दत्तमाचमनीयं ते गृहाण



पुरुषोत्तम। इदमाचमनीयम् भगवते०।। ताम्बूल–ॐ पूगीफलं महद्दिव्यं नागवल्लीदलैर्युतम्। कर्पूरादिसमायुक्तं ताम्बूलं प्रतिगृह्यताम्।। एतानि ताम्बूलानि भगवते०। इदमाचमनीयम् भगवते०।। द्रव्य–ॐ काञ्चनं रजतोपेतं नानारत्नसमन्वितम्। भूषणार्थं च देवेश गृहाण जगतांपते।। इदं द्रव्यम् भगवते०।

*पुष्पाञ्जलिः*– ॐ अमोघं पुण्डरीकाक्षं नृसिंह दैत्यसूदनम्। हृषिकेशं जगन्नाथं वागीशं वरदायकम्।।
गुणत्रयं गुणातीतं गोविन्दं गरुड़ध्वजम्। जनार्दनं जनानन्दं जानकीवल्लभं जयम्।।
प्रणमामि सदा सत्यनारायणमतः परम्। दुर्गमे विषमे घोरे शत्रुभिः परिपीडिते।।
विविधापत्सु दुष्टेषु तथान्येष्वपि यद्भयम्। नामान्येतानि संङ्कीर्त्य ईप्सितं फलमाप्नुयात्।।
सत्यनारायणं देवं वन्देऽहं कामदं प्रभुम्। लीलया च ततं विश्वं येन तस्मै नमोनमः।।
एषपुष्पाञ्जलिः ॐ साङ्गसायुध-सवाहन-सपरिवार भगवते श्रीसत्यनारायणाय नमः।

ततः उपर्युक्त मन्त्रेण वारद्वयं पुष्पाञ्जलिं दद्यात् इति षेडशोपचार श्री सत्यनारायण पूजा विधिः।

ततः गौरीशंकर पूजनम्–अक्षतानि गृहीत्वा–ॐ गौरीशंकरौ इहागच्छतम् इहतिष्ठतम् इत्यावाह्य स्थापयित्वा, जलं गृहीत्वा एतानि पाद्यार्घाचमनीय-स्नानीय-पुनराचमनीयानि ॐ गौरीशंकराभ्यां नमः। ततः चन्दनं, ततः अक्षतं, ततः पुष्पं, ततः विल्वपत्राणि, ततः नैवेद्यानि, ततः आचमनीयं, ततः एष पुष्पाञ्जलिः ॐ गौरीशंकराभ्यां नमः (ततः ब्रह्मपूजनम्) अर्घपात्रे-जल-अक्षत पुष्पचन्दनादि कृत्वा ॐ ब्रह्मणे नमः इति सर्वं भूमौ निक्षिपेत्।

✿

ॐ

M.Katyayana

# अथ श्री सत्यनारायण कथा प्रारम्भः

ॐ नारायणं नमस्कृत्य नरञ्चैव नरोत्तमम्। देवीं सरस्वतीं चैव ततो जयमुदीरयेत्॥

एकदा मुनयः सर्वे सर्वलोकहितेरताः। सुरम्ये नैमिषारण्ये गोष्ठीं चक्रुर्मनोरमाम् ॥१॥ तत्रान्तरे महातेजा व्याशशिष्यो महायशाः। सूतः शिष्यगणैर्युक्तः समायातो हरिंस्मरन् ॥२॥ तमायान्तं समालोक्य सूतं शस्त्रार्थ पारगम्। नेमुः सर्वे समुत्थाय शौनकाद्यास्तपोधनाः ॥३॥ सोऽपि तान् सहसा भक्त्या मुनीन् परम वैष्णवान् । ननाम दण्डवद्भूमौ सर्व धर्मविदाम्बरः ॥४॥ वरासने महाबुद्धिस्तैर्दत्ते

---

नारायण भगवान् श्री विष्णु तथा श्री सरस्वती देवी आ नरश्रेष्ठ श्री अर्जुनके प्रणाम कऽ कथा वाची आ श्रवण करक चाही॥

एक समयमे समस्त संसारक कल्याणमे अनुरक्त रहनिहार मुनिलोकनि नैमिषारैण्य नामक जे परम रमणीय स्थान ताहिठाम सभ. कैलनि ॥१॥ ओहि समयमे महा तेजस्वी ओ यशस्वी व्यासजीक शिष्य श्री सूतजी अपन शिष्य गणक संग कीर्त्तन करैत उपस्थित भेलाह् ॥२॥ शास्त्रार्थमे पारंगत श्री सूतजीके अवैत देखि सभामे उपस्थित श्री शौनकादि मुनि लोकनि उठि कऽ हुनका नमस्कार कयलनि ॥३॥ तखन सब धर्मवेत्तामे श्रेष्ठ श्री सूतजी सेहो शीघ्रता सँ महावैष्णाव श्री शौनकादि मुनि लोकनिके दण्डप्रणाम कयलनि ॥४॥ तहन शौनकादि मुनि लोकनि द्वारा



मुनिसत्तमः। उवाच सदसो मध्ये सर्वैः शिष्य गणैर्वृतः ॥५॥ तत्रोपविष्टं तं सूतं शौनकोमुनिसत्तमः। बद्धाञ्जलिरिमां वाचमुवाच विनयान्वितः ॥६॥ शौनक उवाच–महर्षे ! सूत ! सर्वज्ञ ! कलिकाले समागते। केनोपायेन भगवन् ! हरिभक्तिर्भवेन्नृणाम् ॥७॥ कलौ सर्वे भविष्यन्ति पापकर्म परायणाः। वेदविद्याविहीनाश्च तेषां श्रेयः कथं भवेत् ॥८॥ कलौ अन्नगत प्राणाः लोकाः स्वल्पायुषस्तथा। निर्द्धनाश्च भविष्यन्ति नाना पीड़ा प्रपीडिताः ॥९॥ प्रयास साध्यं सुकृतं शास्त्रेषु श्रूयते द्विज । तस्मात् केऽपि करिष्यन्ति कलौ न सुकृतं जनाः ॥१०॥ सूकृतेषु विनष्टेषु प्रवृत्ते

---

देल गेल विशिष्ट आसन पर समस्त शिष्यमंडलीक संग श्री सूतजी बैसलाह ॥५॥ तदुपरांत मुनिश्रेष्ठ श्री शौनकजी महाराज अंजलिबद्ध भऽ सभाक मध्य बैसल सूतजीसँ विनयपूर्वक जिज्ञासा कयलनि ॥६॥ शौनकजी बजलाह–हे महर्षि त्रिकालदर्शी श्री सूतजी! कलियुगक आगमन भेला पर कोन उपायसँ मनुष्यके भगवद्भक्ति हेतैक ॥७॥ हे भगवान् ! कलियुगमे सब मनुष्य पापकर्ममे रत रहत तथा वेद विद्यासँ विहीन होयत। एहना स्थितिमे हुनका लोकनिक कल्याण कोना हेतनि ॥८॥ किएक त कलियुगमे मनुष्य अन्नक आहारसँ जीवित रहत अतएव अल्पायु दरिद्र आ नाना तरहक दुःख पीड़ासँ पीड़ित रहत ॥९॥ हे द्विज! शास्त्रमे सूनल अछि जे पुण्य अत्यन्त कष्ठकर होइत अछि कलियुगमे कियो नहि करत ॥१०॥ सदाचार नष्ट भेला पर लोक पापकर्ममे प्रवृत रहय लागत आ

पापकर्मणि। सवंशाः प्रलयं सर्वे गमिष्यन्ति दुराशयाः ॥११॥ स्वल्पश्रमैरल्पवितैरल्पकालैश्च सत्तम। यथा भवेन्महापुण्यं तथा कथय सूत नः ॥१२॥ यस्योपदेशतः पुण्यं पापं वा कुरुते जनः। स तद्भागी भवेन्मर्त्यं इति शास्त्रेषु निश्चितम् ॥१३॥ पुण्योपदेशी सदयः कैतवैश्च विवर्जितः। पापायन विरोधी च चत्वारः केशवोपमाः ॥१४॥ ज्ञानं संप्राप्य संसारे यः परेभ्यो न यच्छति। ज्ञानरूपी हरिस्तस्मै प्रसन्न इव नेक्षते ॥१५॥ ज्ञान रत्नैश्च रत्नैश्च परसंतोषकृन्नरः। स ज्ञेयः सुमते नूनं नररूप धरो हरिः। ॥१६॥

---

पापकर्म मे प्रवृत्त भेला पर अन्तमे वंश सहित घोर नरकमे जायत ॥११॥ अतः हे सूतजी जहिसँ थोड़ परिश्रम, थोड़ श्रम, थोड़ धन आ थोड़ समय लगेलासँ लोकके महापुण्य होइक तेहन उपदेश कहल जाय ॥१२॥ शास्त्रमे वर्णित अछि जे जनिक उपदेशसँ मनुष्य पुण्य–पाप करैत अछि ओहि पुण्य वा पापक भागी सेहो होइत छथि ॥१३॥ अतः सदुपदेशक दयावान् छल-कपटसँ रहित सन्मार्गगामी ई चारू नारायणक समान्य पूज्य थिकाह ॥१४॥ शास्त्रमे इहो कहल गेल अछि जे मनुष्य ज्ञान प्राप्त कऽ अपन ज्ञानक उपदेश दोसराके नहि दैत छथि हुनका उपर ज्ञानरूपी नारायण अप्रसन्न रहैत छथिन ॥१५॥ हे महामुनि ! जे मनुष्य ज्ञानरूपी रत्नसँ दोसराकेँ संतुष्ठ करैत छथि हुनकामनुष्य रूपधारी भगवान् बूझक चाही ॥१६॥ हे महामुनि ! कोन एहन व्रत आ तपस्या छैक



व्रतेन तपसा किंवा प्राप्स्यते वांच्छितं फलम्। तत्सर्वं श्रोतुमिच्छामि कथयस्व महामते ॥१७॥ त्वमेव मुनि-शार्दूल वेदवेदांगपारगः। त्वदृते नहि वक्तान्यो यतस्त्वं व्यास शासितः ॥१८॥ सूत उवाच–धन्योऽसि त्वं मुनिश्रेष्ठ ! त्वमेव वैष्णवाग्रणीः। यतः समस्त भूतानां हितं वांच्छसि सर्वदा ॥१९॥ शृणु शौनक वक्ष्यामि यत्त्वया श्रोतुमिष्यते। नारदेनैवमुक्तः सन् भगवान् कमलापतिः ॥२०॥ सुरर्षये यथैवाह तच्छृणुध्वं समाहिताः ॥२१॥

( इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां प्रथमोऽध्यायः )

---

जकरा कयलासँ कलियुगमे मनवांछित फल प्राप्त हेतैक से सुनय चाहैत छी अपने कहल जाय ॥१७॥ हे मुनिश्रेष्ठ! अपने वेद-वेदाङ्गमे पारंगत छी कारण अपने व्यासजीक प्रधान शिष्य छिअनि अतः अपनेसँ सुनय चाहैत छी जे कलियुगमे मनुष्यक कल्याण कोना हेतैक ॥१८॥ श्री सूतजी बजलाह –हे मुनिमे श्रेष्ठ, अपने वैष्णव कुलमे अग्रगण्य छी आ सतत संसारक कल्याणमे लागल रहैत छी अतः अपने पूज्य छी ॥१९॥ हे शौनकजी ! सूनू जे अपने सुनक इच्छा करैत छी कारण एहि तरहक प्रश्न एक समयमे नारदजी भगवान् विष्णुसँ पूछने छलथिन ॥२०॥ ओहि प्रश्नक उत्तर जे नारदजीकेँ भगवान् विष्णु देलथिन सैह हम अपने लोकनिके सुनबैत छी ध्यानसँ सुनैत जाउ ॥२१॥

# अथ द्वितीयोऽध्याय:

एकदा नारदो योगी नराऽनुग्रहकांक्षया। पर्यटन् विविधान् लोकान्
मर्त्यलोकम् उपागत: ॥२२॥ तत्र दृष्ट्वा जना:सर्वे नानादुखसमन्विता:।
नानायोनिसमुत्पन्ना: क्लिश्यन्ते पापकर्मभि: ॥२३॥ केनोपायेन चैतेषां
दु:खनाशो भवेद्ध्रुवम्। इति सञ्चिन्त्य मनसा विष्णुलोकं गतस्तदा ॥२४॥
तत्र नारायणं देवं शुक्लवर्णं चतुर्भुजम्। शंखचक्रधरं देवं वनमाला-विभूषितम्।
दृष्ट्वा तं देवदेवेशं स्तोतुं समुपचक्रमे ॥२५॥ नारद उवाच–नमस्ते
वाङ्मनोतीतरूपायानन्तशक्तये। आदिमध्यांत-हीनाय निर्गुणाय गुणात्मने॥२६॥

---

एक समयमे योगीराज नारद जनकल्याणार्थ विविध लोकक भ्रमण करैत मर्त्यलोक अयलाह ॥२२॥ एतय देखलनि जे लोक सब नाना दु:खसँ पीड़ित भऽ अपन-अपन पापकर्मक भोग नाना योनिमे उत्पन्न भऽ कऽ रहल अछि ॥२३॥ ई देखि नारदजी सोचय लगलाह जे एहन उपाय होइत जे हिनका लोकनिक दु:ख दूर होइतनि ई सोचि ओ विष्णुलोक गेलाह ॥२४॥ ओतय शुक्लवर्ण चतुर्भुज शंखचक्र धारण कयने वनमालासँ विभूषित भगवान् नारायणके देखि स्तुति करय लगलाह ॥२५॥ नारदऋषि बजलाह–हे भगवान् ! मन वचन एवं रूपसँ अवर्णनीय अनन्त शक्तिमान् आदि मध्य एवं अन्त रहित, निर्गुण तथा सगुण स्वरूप अपनहि छी अत: हम अपनेके प्रणाम करैत छी ॥२६॥ सृष्टिक आदि रूप तथा भक्त लोकनिक दु:ख दूर केनहार अपने छी तखन नारदक



सर्वेषामादिभूताय भक्तानामार्तिनाशिने। श्रुत्वा स्तोत्रं ततो विष्णुर्नारदम्प्रत्यभाषत
॥२७॥ श्रीभगवानुवाच–किमर्थमागतोऽसि त्वं किंते मनसि वर्तते। कथयस्व
महाभाग ! तत्सर्वं कथयामि ते ॥२८॥ नारद उवाच–मर्त्यलोके जना: सर्वे
नाना शोक समन्विता: । नाना योनि समुत्पन्ना: क्लिश्यन्ते पापकर्मभि: ॥२९॥
तत्कथं शमयेन्नाथ लघूपायेन तद्वद । तत्सर्वं श्रोतुमिच्छामि कृपास्ति यदि
ते मयि ॥३०॥ श्री भगवानुवाच–साधुपृष्टं त्वया वत्स लोकानुग्रहकाम्यया।
यत्कृत्वा मुच्यते मोहात्तच्छृणुष्व वदामि ते ॥३१॥ व्रतमस्ति महापुण्यं

---

स्तुति सूनि भगवान् बजलाह ॥२७॥ हे महाभाग नारदजी ! कोन कार्यक हेतु अपनेक आगमन भेल तथा अहाँक मोनमे कि विचार अछि से कहू हम अपनेक सब प्रश्नक उत्तर देब ॥२८॥ श्री नारदजी बजलाह–हे नाथ ! मृत्युभुवन मे लोक अपन-अपन पापकर्मसँ नाना योनिमे उत्पन्न भऽ अनेक प्रकारक क्लेशसँ युक्त भऽ अत्यन्त कष्ट भोगि रहल अछि ॥२९॥ हे नाथ ! यदि अपनेक हमरा पर कृपा अछि त कहल जाय जे कोन उपायसँ हुनका लोकनिक दु:ख दूर हेतनि सैह सुनक इच्छा हम करैत छी ॥३०॥ भगवान् बजलाह–हे वत्स! नारदजी समस्त लोकक कल्याणार्थ अपनेक ई प्रश्न उत्तम अछि। अत: जे कयलासँ लोक मोहसँ मुक्त भऽ जाइत अछि से हम अहाँके कहैत छी सूनू ॥३१॥ एकटा एहन महापुण्यप्रद व्रत अछि जे स्वर्ग आ मृत्युलोकहुमे दुर्लभ अछि ओहि व्रत कें हम अहाँक

स्वर्गेभुवि च दुर्लभम्। तव स्नेहान् मया विप्र ! प्रकाशी क्रियतेऽधुना ।।३२।। सत्यनारायणस्येदं व्रतं सम्यग् विधानतः। कृत्वासद्यः सुखं भुक्त्वा परत्र मोक्षमालभेत् ।।३३।। तच्छ्रुत्वा भगवद्वाक्यं नारदः पुनरव्रवीत्। नारद उवाच किं फलं किं विधानञ्च कृतं केन व्रतोत्तमम् ।।३४।। तत् सर्वं विस्तराद् ब्रूहि कदा कार्यंहि तद्व्रतम् ।।३५।। श्री भगवानुवाच–दुःखशोकादिशमनं धनधान्य प्रवर्द्धनम्। सौभाग्य सन्तति करं सर्वत्र विजयप्रदम् ।।३६।। यस्मिन् कस्मिन् दिने मर्त्यो भक्ति श्रद्धासमन्वितः। सत्यनारायणं देवं यजेतुष्टो निशामुखे।

---

मोहवश प्रकाशित करैत छी ।।३२।। ओ महापुण्यप्रद व्रत 'सत्यनारायण व्रत' थीक जकरा विधिपूर्वक केलासँ मनुष्य एहिलोकमे सुख भोगि, अन्तमे मोक्ष प्राप्त करैत अछि ।।३३।। भगवानक ई वचन सूनि नारदजी बजलाह एहि व्रतक की विधान छैक, की फल छैक आ पहिने एहि व्रतकेँ के कयलनि ।।३४।। तथा कहिया ई व्रत करी से विस्तारपूर्वक कहल जाय ।।३५।। श्री भगवान् बजलाह–एहि व्रत के कयलासँ मनुष्यक दुःख, शोक, सन्ताप आदिक नाश तथा धन-धान्यादिक प्राप्ति होइत छैक तथा सर्वत्र विजयी होइत अछि ।।३६।। भक्ति श्रद्धापूर्वक जहिया कहियो कोनहु दिन ब्राह्मण तथा बन्धुवर्गकेँ बजाय तत्पर भऽ सन्ध्या समय प्रदोष कालमे श्रीसत्यनारायण



ब्राह्मणैर्वान्धिवैश्चैव सहितो धर्मतत्परः ।।३७।। नैवेद्यं भक्तितो दद्यात् सपादं भक्ष्यमुत्तमम्। रम्भाफलं घृतं क्षीरं गोधूमस्य च चूर्णकम् ।।३८।। अभावे शालिचूर्णं वा शर्करा च गुडं तथा। सपादं सर्व भक्ष्याणि एकीकृत्य निवेदयेत् ।।३९।। विप्राय दक्षिणां दद्यात् कथां श्रुत्वा जनैः सह। ततश्च वन्धुभिः सार्धं विप्रेभ्यः प्रतिपादयन् ।।४०।। प्रसादं भक्षयेद्भक्त्या नृत्यगीतादिकं चरेत्। ततस्तु स्वगृहं गच्छेत् सत्यनारायणं स्मरन् ।।४१।। एवं कृते मनुष्याणां वाञ्छा सिद्धिर्भवेद्ध्रुवम्। विशेषतः कलियुगे नान्योपायोऽस्ति भूतले। कथांसम्यक् प्रवक्ष्यामि कृतं येन पुरा द्विज ।।४२।। कश्चित् काशीपुरीवासी

---

भगवानक पूजा करक चाही ।।३७।। नेवेद्य सपाद प्रमाण सवा कनमा, सवा पौआ, सवा सेर, सवा पसेरी याने सब किछु सवाय वैभवक अनुसार उत्तम-उत्तम वस्तु सम्मिलित कऽ बनाबी। यथा-पाकल केरा, धृत, दूध गहुँमक चिक्कस व अभावमे अरबा चाउरक चिक्कस, शक्कर वा गुड़ एहि सबके एकत्र कऽ नैवेद्य बनाकऽ भोग लगेबाक चाही ।।३८,३९।। तदुपरान्त सब गोटे शान्ति पूर्वक भगवान् श्री सत्यनारायणक कथाकेँ श्रवण कय पूजाक अन्तमे ब्राह्मणके यथाशक्ति दक्षिणा दियन्हि ।।४०।। भक्तिपूर्वक भगवानक प्रसाद सबगोटे ग्रहण कऽ भगवानक नामक कीर्त्तन करैत सत्यनारायण भगवानक नामक स्मरण करैत अपन-अपन घर जाथि ।।४१।। एहि तरहें पूजा कयला सँ मनुष्यके मन वाञ्छित फल प्राप्त होइत छैक। कलियुगमे एहि पूजासँ बढ़ि कऽ मनुष्यक कल्याणार्थ कोनो

विप्र आसीच्च निर्धनः । क्षुधा-तृष्णाकुलो भूत्वा सततं भ्रमते महीम् ।।४३।। दुःखितं ब्राह्मणं दृष्ट्वा भगवान् ब्राह्मणप्रियः। वृद्धब्राह्मणरूपः सन् प्रपच्छ द्विजमादरात् ।।४४।। किमर्थं भ्रमसे विप्र ! महीं कृत्स्नां सुदुःखितः। तत्सर्वं श्रोतुमिच्छामि कथ्यतां यदि रोचते ।।४५।। विप्र उवाच–ब्राह्मणोऽति दरिद्रोहं भिक्षार्थं भ्रमते महीम्। उपायं यदि जानासि कृपया कथय प्रभो ।।४६।। वृद्धब्राह्मण उवाच–सत्यनारायणो विष्णुर्वा-

---

आन उपाय नहि छैक पृथ्वी पर। हे द्विज एहि व्रतके के पहिने केने छलाह आ हुनका कोन फल भेल छलनि से हम अहाँके कहैत छी सूनू ।।४२।। पूर्वक समयमे एक काशीपुरवासी दरिद्र ब्राह्मण छलाह। नित्य ओ ब्राह्मण भूख-प्याससँ आकुल भए भिक्षार्थ पृथ्वी पर एम्हर ओम्हर घुमैत-फिरैत छलाह ।।४३।। एक दिन एहन दुखित ब्राह्मणके देखि ब्राह्मण प्रिय भगवान् एक वृद्ध ब्राह्मणक रूप धारण कऽ आदर-पूर्वक ओहि दरिद्र ब्राह्मणके पुछलथिन ।।४४।। हे विप्र ! कोन कारणसँ अहाँ एहि रूपे पृथ्वी पर घूमि रहल छी से यदि इच्छा हो त कहू हम सुनय चाहैत छी ।।४५।। ब्राह्मण बजलाह–हम अति दरिद्र ब्राह्मण छी भिक्षाक हेतु एम्हर-ओम्हर पृथ्वी पर घूमि रहल छी यदि एहि दुःखसँ उद्धारक उपाय अहाँ जनैत छी त कहू ।।४६।। वृद्ध-ब्राह्मणक रूपमे जे भगवान् से



ञ्छितार्थ-फलप्रदः। तस्य त्वं द्विज शार्दूल कुरुष्व व्रतमुत्तमम्। यत्कृत्वा सर्वदुःखेभ्यो मुक्तो भवति मानवः ।।४७।। विधानञ्च व्रतस्यास्य विप्रायाभाष्य संगतम् । सत्यनारायणो देवस्तत्रैवान्तरधीयत ।।४८।। ततः प्रातः करिष्यामि व्रतं मनसि चिन्तितम्। इति संचिन्त्य विप्रोऽसौ रात्रौ निद्रां न चालभत् ।।४९।। ततः प्रातः समुत्थाय सत्यनारायणव्रतम्। करिष्येऽहं च संकल्प्य भिक्षार्थमगमद् द्विजः ।।५०।। तस्मिन्नेव दिने विप्रः प्रचुरं

---

बजलाह–हे ब्राह्मण श्रेष्ठ ! श्री सत्यनारायण भगवान्–मनुष्यक मनोरथक पूर्ति करैत छथि तनिक उत्तम व्रत अहाँ करू एहि व्रतके कयलासँ मनुष्यके सब तरहक दुःख-पीड़ासँ मुक्ति भेटैत छैक।।४७।। एहि तरहें ओहि दरिद्र ब्राह्मणके सत्यनारायण व्रत माहात्म्य आ विधान कहि वृद्ध ब्राह्मण रूप धारी भगवान् अलक्षित भऽ गेलाह ।।४८।। तखन ओ दरिद्र ब्राह्मण मोनमे निश्चय कयलनि जे एहन जे फलदायक व्रत तकरा अवश्य करक चाही। एहन जे व्रत ब्राह्मण रूपधारी भगवान् सँ कहल गेल व्रतक माहात्म्यके स्मरण करैत-करैत राति भरि ब्राह्मणकें निद्रा नहि भेलनि ।।४९।। प्रातःकाल उठि आई हम श्री सत्यनारायण भगवानक व्रत करब ई संकल्प कऽ तदर्थ भिक्षाटन करय विदा भेलाह ।।५०।। ओहि दिन ब्राह्मणकें भिक्षामे बहुत धन प्राप्त भेलनि । ओहि भिक्षा सँ अपन

**धनमाप्तवान्। तेनैव बन्धुभिः सार्द्धं सत्यस्य व्रतमाचरत्।।५१।। सर्वदुःखविनिर्मुक्तः सर्वसम्पत् समन्वितः। बभूव स द्विजश्रेष्ठो व्रतस्यास्य प्रभावतः। ततः प्रभृतिकालञ्च मासि-मासि व्रतम् कृतम् ।।५२।। सूत उवाच—एवं नारायणाद्देवाद् व्रतं ज्ञात्वा द्विजोत्तमः। सर्वं पापविनिर्मुक्तो दुर्लभं मोक्षमाप्नुयात् ।।५३।। व्रतं चैतद् यदा विप्र ! पृथिव्यां सञ्चरिष्यति। तदैव सर्वदुःखंहि नराणाञ्च विनश्यति ।।५४।।**

**( इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां द्वितीयोऽध्यायः )**

---

बन्धु-बान्धव मीलि कऽ सत्यनारायण भगवानक व्रत कयलनि ।।५१।। एहि व्रतक प्रभावसँ ओ ब्राह्मण दुःख, पीड़ा, शोक, सन्ताप आदि नाना तरहक कष्टसँ मुक्त भऽ पूर्ण सम्पत्तिशाली भऽ मासे-मासे संक्रान्ति कऽ श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा करय लगलाह ।।५२।। पुनः सूतजी बजलाह—एहि व्रतकें वृद्ध ब्राह्मण रूपधारी सत्यनारायण भगवान् सँ बुझि ओ दरिद्र ब्राह्मण सब प्रकारक दुःखसँ मुक्त भऽ दुर्लभ मोक्ष प्राप्त कयलनि ।।५३।। हे विप्र। शौनकजी एहि व्रतके जखन लोक पृथ्वी पर करत तखन भगवानक कृपासँ सब तरहक दुःख दर भऽ जेतनि ।।५४।।



# अथ तृतीयोऽध्यायः

**एवं नारायणेनोक्तं नारदाय महात्मने। मयापि कथितं विप्र ! किमन्यत् कथयामि ते ।।५५।। शौनक उवाच—तस्माद् विप्र ! व्रतं केन पृथिव्यां चरितं मुने। तत्सर्वं श्रोतुमिच्छामि श्रद्धास्माकं प्रजायते ।।५६।। सूत उवाच—शृणुध्वं मुनयः सर्वे तस्माद्येन कृतंभुवि।।५७।। एकदा स द्विजवरो यथा विभवविस्तरैः बन्धुभिः स्वजनैःसार्द्धं व्रतं कर्तुं समुद्यतः।।५८।। एतस्मिन्नन्तरे काले काष्ठकेतुः समागतः। बहिष्काष्ठञ्च संस्थाप्य विप्रस्य मन्दिरंययौ ।।५९।।**

---

हे विप्र जाहि तरहें श्री सत्यनारायण भगवान नारदके कहल ताहिं तरहें हमहूँ अपनेके सुनाओल आब कोन कथा सुनाउ।।५५।। श्री शौनकजी बजलाह—तदुपरान्त ई व्रत पृथ्वी पर के कयलनि ? तथा कयलासँ केहन फल प्राप्त भेलनि से सुनबाक इच्छा हमरा लोकनिके अछि ।।५६।। सूजती बजलाह—हे मुनिगण ध्यानपूर्वक सुनैत जाउ पुनः एहि व्रतकें पृथ्वी पर के कयलनि ।।५७।। एक समयमे जखन ओ ब्राह्मण श्रेष्ठ अपन विभवक अनुसार धूम-धामसँ बन्धु-बान्धव मिलि श्री सत्यनारायण व्रत करक लेल उद्यत भेलाह ।।५८।। ओहि अवसरमे काष्ठकेतु नामक लकड़िहारा जारनि बेचक हेतु पहुँचल। ओ एहि उत्सवके देखि जारन राखि ब्राह्मणाक आङ्गनमे पहुँचल ।।५९।।

तृष्णया पीडितात्मा स विप्रं दृष्ट्वा तथाविधम्। प्रणिपत्य द्विजम्प्राह किमिद क्रियते त्वया। कृते किम्फलमाप्नोति विस्तराद्ब्रूहि मे प्रभो ॥६०॥ विप्र उवाच–सत्यनारायणस्येदं व्रतं सर्वेप्सितप्रदम्। दुःखशोकादि शमनं सर्वत्र विजयप्रदम् ॥६१॥ धन-धान्य संततिकरं सर्वेषाम् ईप्सितप्रदम्। यस्य प्रसादान्मे सर्वं धन्यधान्यादिकं महत् ॥६२॥ ततस्तु तद्व्रतं ज्ञात्वा काष्ठकर्त्तातिहर्षितः। पपौ जलं प्रसादञ्च भुक्त्वा तन्नगरं ययौ ॥६३॥ सत्यनारायणं देवं चिंतयन् स्थिरमानसः। काष्ठं विक्रीय नगरे प्राप्स्यतेचाद्य यद्धनम्। तेनैव सत्यदेवस्य व्रतं सम्यक् करोम्यहम् ॥६४॥

---

दिन भरि किछु नहि बिकेबाक कारण भूख प्याससँ व्याकुल ओ लकड़िहारा ब्राह्मणकें देखि प्रणाम कय पुछलकनि जे ई कोन व्रत करैत छी। एकरा कयलासँ कोन फल प्राप्त होइत छैक आ एहि व्रतक की विधान छैक से विस्तार पूर्वक कहू हे प्रभु ! ॥६०॥ ई सूनि ब्राह्मण बजलाह–ई सब तरहक मनोरथ पूर्ति करयवला, दुःख शोक नाशक एवं सर्वत्र विजय प्राप्त करौनहार भगवान् श्री सत्यनारायणक व्रत थिकनि ॥६१॥ एहि व्रतक प्रतापसँ मनुष्य धन-धान्य संतति तथा मनवांछित फल पबैत अछि एकरे प्रभावसँ हम सब तरहे परिपूर्ण छी ॥६२॥ तखन ओहि व्रतकें जानि लकड़िहारा अति प्रसन्न भेल आ पूजा समाप्त भेला पर प्रसाद ग्रहण कऽ चरणोदक लऽ श्रीसत्यनारायण भगवानक स्मरण करैत शहर [illegible] ॥६३॥ मोनमे निश्चय कयलक जे आई

इति सञ्चिन्त्य मनसा काष्ठं कृत्वा तु मस्तके। जगाम नगरे रम्ये धनिनां यत्र संस्थितिः ॥६५॥ तद्दिने काष्ठमूल्यञ्च द्विगुणं प्राप्तवानसौ। ततः प्रसन्नहृदयः सुपक्वं कदलीफलम् ॥६६॥ शर्करा-घृत-दुग्धञ्च गोधूमस्य च चूर्णकम्। प्रत्येकं च सपादञ्च गृहीत्वा स्वगृहं ययौ ॥६७॥ ततो बन्धून समाहूय चकार विधिवद्व्रतम्। तद्व्रतस्य प्रभावेण धनपुत्रान्वितोऽभवत् ॥६८॥ इहलोके सुखं भुक्त्वा चांते सत्यपुरं ययौ। पुनरन्यत्प्रवक्ष्यामि शृणुध्वं मुनि सत्तमाः॥६९॥

( इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां तृतियोऽध्यायः )

---

जारनि बेचलासँ जे धन प्राप्त हैत ताहि लऽ कऽ हमहूँ सत्यदेवक अर्चना करब ॥६४॥ ई विचारि जारनिक बोझ माथ पर राखि जाहि बाजारमे धनी-मानी लोक सब रहैत छलाह ओहि बाजार दिस बिदा भेल ॥६५॥ भगवानक कृपासँ ओहि दिन ओकरा आन दिनुक अपेक्षा दुगुना धन प्राप्त भेलैक तखन प्रसन्न मोनसँ पाकल केरा ॥६६॥ शक्कर, घृत आ गहूँमक चिक्कस प्रत्येक वस्तु सवैया हिसाबसँ मोल लऽ अपन घर दिस बिदा भेल ॥६७॥ तखन घर आबि बन्धु-बान्धवकें बजाय विधिपूर्वक श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा कयलक ओहि व्रतक प्रतापसँ धन पुत्र आदिसँ सम्पन्न भय गेल ॥६८॥ एहि संसारमे सुख भोगि अन्तमे स्वर्ग प्राप्त कयलक । हे मुनि लोकनि एहि प्रसंगमे हम दोसर कथा कहैत छी सुनैत जाउ ॥६९॥

# अथ चतुर्थोऽध्यायः

असीदुल्कामुखो नाम नृपतिर्वलिनांवरः। जितेन्द्रियः सत्यवादी ययौ देवालयं
प्रति। दिने-दि... दत्त्वा द्विजान् संतोषयन् सुधीः ॥७०॥ भार्या तस्य
प्रमुग्धा च सरोजवदना सती। सत्यव्रतं भद्रशीला सिंधुतीरेऽकरोन्मुने ॥७१॥
एतस्मिन्नन्तरे तत्र साधुरेकः समागतः। वाणिज्यार्थं बहुधनैरत्नाद्यैः परिपूरिताम्
॥७२॥ नावं संस्थाप्य तत्तीरे जगाम तत्तटं प्रति। दृष्ट्वा तत्र व्रतं सम्यक्
पप्रच्छ विनयान्वितः ॥७३॥ साधुरुवाच--किमिदं कुरुषे राजन्।

---

प्राचीन कालमे महावलवान् जितेन्दीय, सत्यवादी उल्कामुख नामक राजा राज करैत छलाह। ओ राजा नित्य भगवानक मन्दिरमे जाय ब्राह्मणकें धन दऽ सन्तुष्ट करैत छलाह ॥७०॥ एक दिन ओ राजा परम सुन्दरी कमलक समान मुखाकृति वाली युवती अपन स्त्री भद्रशीलाक संग सिन्धु नदीक किनार पर श्री सत्यनारायण भगवानक व्रत करैत छलाह ॥७१॥ ओहि ... बहुत धन रत्नादिसे भरल नावनेने एक साधु व्यापारी वाणिज्य करबाक हेतु ओहि धार बाटे जाइत छल ...॥ संयोगवश ओ साधु बणिक् नावके ओही घाट पर लगाय नावसँ उतरि राजा-रानीके व्रतमे तल्लीन देखि समीप जाय विनयपूर्वक पुछलखिन ॥७३॥ हे राजन् ! एतेक भक्ति पुरस्सर ई सब अपने



भक्तियुक्तेन चेतसा । प्रकाशं कुरु तत् सर्वं श्रोतुमिच्छामि साम्प्रतम् ॥७४॥
राजोवाच—पूजनं क्रियते साधो विष्णोरतुलतेजसः। व्रतं च स्वजनैः सार्द्धं पुत्रादि
प्राप्स्यते मया ॥७५॥ प्रत्युवाच—ततो नत्वा राजानं मधुरं वचः। सांगं कथय मे राजन्
व्रतमेतत् करोम्यहम् ॥७६॥ ममापि संततिर्नास्ति सत्यमेतद् ब्रवीम्यहम् । ततो
विधानतो राजा कथयामास तद्व्रतम् ॥७७॥ राज्ञो मुखाद् व्रतम् श्रुत्वा परं
हर्षमवाप्तवान्। ततो निवर्त्य वाणिज्यात् सानन्दो गृहमागतः॥७८॥ भार्यायै कथितं
सर्वं व्रतञ्च संततिप्रदम्। तदा व्रतं करिष्यामि यदामे संततिर्भवेत् ॥७९॥ कस्मिंश्चिद्
दिवसे तस्य भार्या लीलावती सती। गर्भयुक्तानन्दचित्ताभवद्धर्मपरायणा ॥८०॥

---

की कय रहल छी ? हमरा ई बुझक अतिशय इच्छा अछि अस्तु कृपाकय कहल जाय ॥७४॥ ई सुनि राजा बजलाह—हे साधु वणिक् हमरा लोकनि श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा करैत छी। बन्धु-बान्धव मिलि ई व्रत कयलासँ पुत्रादि अवश्य प्राप्त होयत ॥७५॥ ई कथा सुनला पर ओ साधु वणिक् राजाकें प्रणाम कय उत्सुकतापूर्वक पुछलक। हे राजन् एहि व्रतक विषय मे हमरा सविस्तर कहल जाय हमहूँ ई व्रत करब ॥७६॥ हमरा सन्तान नहि अछि हम सत्य कहैत छी तैं हे राजन्। एहि व्रतक विधान कहू हमहूँ ई व्रत करब ॥७७॥ तखन वणिक् राजाक मुँसँ व्रतक विधान बुझि व्यापार सँ निवृत्त भऽ आनन्दपूर्वक घर अयलाह ॥७८॥ घर आबि अपन पत्नीकें संतानदाय भगवान् श्री सत्यनारायणक व्रतक माहात्म्य कहलनि जे जहिया हमरा सन्तान होयत हमहूँ व्रत करब ॥७९॥ संयोगवश किछु दिनक बाद हुनक धर्मपरायणा स्त्री गर्भवती भेलखिन जाहिसँ अति आनन्दित भेलाह ॥८०॥

पूर्णे गर्भे ततो जाता बालिका चाऽतिनिर्मला। दिने-दिने वर्द्धमाना शुक्लपक्षे यथा शशी ।।८१।। ततो वणिक् सुतायाश्च जातकर्मादिकं चरन् । नाम्ना कलावती चेति तन्नामकरणं कृतम् ।।८२।। ततो लीलावती प्राह स्वामिनं मधुरं वचः । न करोषि किमर्थं वै पुरा यच्च प्रतिश्रुतम् ।।८३।। विवाहसमयेऽप्यस्याः करिष्यामि व्रतं प्रिये। इति भार्यां समाश्वास्य जगाम नगरं प्रति ।।८४।। ततः कलावती कन्या वर्द्धिता पितृवेश्मनि। दृष्ट्वा कन्यां ततः साधुर्नगरे बन्धुभिः सह ।।८५।। मन्त्रयित्वा द्रुतं दूतं प्रेषयामास धर्मवित् । विवाहार्थं च कन्यायाः वरं श्रेष्ठं विचारयन् ।।८६।।

---

गर्भ पूर्ण भेला पर लीलावती के अति सुन्दर बेटी जन्मलेलकनि । ओ कन्या दिनानुदिन शुक्लपक्षक चन्द्रमा जकाँ बढ़य लगलीह ।।८१।। निश्चित समय पर ओ वणिक नवजात कन्याक जातकर्म कऽ कलावती नाम रखलनि ।।८२।। तखन लीलावती अपन स्वामीकें मधुर स्वरमे जिज्ञासा कयलनि जे-जे व्रत मनोरथ पूरा भेला पर कराक निश्चय कयने छलहुँ से कियैक नहि करैत छी ।।८३।। ई सूनि वणिक बजलाह–हे प्रिय ई व्रत हम कलावतीक विवाह समयमे निश्चय करब एहि तरहे अपन स्त्रीके आश्वासन दय व्यापार करय शहर दिस बिदा भऽ गेलाह ।।८४।। तखन कन्या पिता गृहमे समर्थि भऽ गेलीह । वणिक कन्याके देखि बन्धु बान्धवक संग कन्याक विवाहक विचार करय लगलाह ।।८५।। बन्धु-बान्धवक संग विचारि घटक के बजाय कलावतीक हेतु नीक घर वर अन्वेषण करय कहलखिन ।।८६।।



तेनाऽऽज्ञप्तश्च दूतोऽसौ काञ्चनं नगरं ययौ । तस्मादेकं वणिक्पुत्रं समादायागतो हि सः ।।८७।। दृष्ट्वा तु सुन्दरं बालं वणिक्पुत्रं गुणान्वितम्। ज्ञातिभिर्बन्धुभिः सार्द्धं परितुष्टेन चेतसा ।।८८।। दत्तवान् साधुपुत्राय कन्यां विधिविधानतः । ततो ऽभाग्यवशात्तेन विस्मृतं व्रतमुत्तमम् ।।८९।। विवाहसमयेऽप्यस्यास्तेन रुष्टोऽभवद्विभुः। ततः कालेन कियता निजकर्मविशारदः ।।९०।। वाणिज्यार्थं गतः शीघ्रं जामात्रा सहितो वणिक्। रत्नसारपुरे रम्ये गत्वा सिन्धुसमीपतः ।।९१।। वाणिज्यं कुरुते साधु जामात्रा श्रीमता सह । पुरीन्निर्माय नगरे चन्द्रकेतोर्नृपस्य च ।।९२।। एतस्मिन्नेव काले तु सत्यनारायणः प्रभुः । भ्रष्टप्रतिज्ञमालोक्य शापं तस्मै

---

हुनक अज्ञा पाबि घटक काञ्चन नामक नगर गेलाह आ ओतयसँ एक खूब सुन्दर बनियाक बालक कें लय अनलनि ।।८७।। सर्वगुण सम्पन्न ओहि सुन्दर वरके देखि कलावतीक पिता अतिशय प्रसन्न भेलाह ।।८८।। विधानपूर्वक वणिक कन्यादान कयलनि तथा अभाग्यवश व्रत करब ध्यानसँ उतरि गेलनि ।।८९।। अतः ओहि व्यापारी पर भगवान् रुष्ट भऽ गेलथिन । समय बितला पर ओ अपन कार्य मे दत्त-चित्त सँ लागि गेलाह ।।९०।। व्यपार करक हेतु ससुर जामय रत्नसारपुर शहर मे समुदक किनार पर पहुँचलाह ।।९१।। ओतय ससुर जमाय बाजारक निर्माणकऽ व्यापार करय लगलाह आं नगर चन्द्रकेतु नामक राजाक राज्यमे छल ।।९२।। एहिसमयमे वणिकक

प्रदत्तवान् । श्वःप्रभृति कियत्कालं महद् दुःखं भविष्यति ।।९३।। तस्मिन्नेव दिने राज्ञो धनमादाय तस्करः । तेनैव वर्त्मना यातः पृष्ठदेशं विलोकयन् ।।९४।। ( तेन दूतान् समाहूय निजमाज्ञाञ्च दत्तवान् । ) तत्पश्चाद्धावकान् दूतान् दृष्ट्वा भीतेन चेतसा । धनं संस्थाप्य तत्रैव गतः शीघ्रमलक्षितः ।।९५।। ततो दूताः समायाता यत्रास्ते सज्जनो वणिक् । दृष्ट्वा नृप धनं तत्र वद्ध्वा दूता वणिक्सुतौ ।।९६।। हर्षयुक्ता धावमाना ऊचुर्नृपसमीपतः । तस्करौ द्वौ समानीतौ विलोक्याज्ञापाय प्रभो ।।९७।। तेनाज्ञप्तस्ततः शीघ्रं दृढं वद्ध्वा तु तावुभौ। स्थापितव्यौ महादुर्गे कारागारेऽविचारयन् ।।९८।।

( इति श्री स्कन्दुपराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां चतुर्थोऽध्यायः )

---

प्रतिज्ञासँ भ्रष्ट देखि श्री सत्यनारायण भगवान् श्राप देलखिन जे काल्हिसँ किछु दिन तोरा असीम कष्ट होयतह ।।९३।। ओहि दिन राजाक महलमे चोरि भेल, चोर सब धन लय ओही बाटे भागल जा रहल छल ( जतय कि ससुर जमायक दोकान छल ) ।।९४।। राजा दूतके बजाय चोर के पकड़बाक आज्ञा देलनि चोर दूतके दौड़ल अबैत देखि डरसँ सब वस्तु व्यापारीक घर लग राखि नुका रहल ।।९५।। ताबत राजाक सिपाही व्यापारीक घर लग पहुँचि गेलाह । ओतय धन देखि श्वसुर-जमायकें पकड़ि लेलकनि ।।९६।। हर्षित भऽ दौड़ल आबि राजाके कहलक देखल जाओ सरकार हमरा लोकनि दूनू चोरकें पकड़ि अनलहुँ। राजा दूनू चोर रूपी व्यापारी के बिना विचार कएनहि कारागार मे बन्द करक आदेश दऽ देलनि। दूत हुनका सबके लऽ जाय कठिन कारागारमे बन्द कऽ देलक ।।९८।।



# अथ पञ्चमोऽध्यायः

मायया सत्यदेवस्य न श्रुतञ्च तयोर्वचः । ततस्तयोर्धनं राज्ञा गृहीतं चन्द्रकेतुना ।।९९।। तच्छापाच्च तयोर्गेहे भार्या च दुःखिताऽभवत् । चौरेणापहृतं सर्वं गृहे यच्च स्थितं धनम् ।।१००।। आधिव्याधि समायुक्ता क्षुत्पिपासाऽतिपीडिता। अन्न चिन्ता परा भूत्वा भ्रमते च गृहे-गृहे ।।१०१।। तथा कलावती कन्या भ्रमते प्रतिवासरम् । एकस्मिन् दिवसे रात्रौ क्षुधार्ता द्विजमन्दिरम् ।।१०२।। गत्वाऽपश्यद् व्रतं तत्र सत्यनारायणस्य च । उपविश्य कथां श्रुत्वा वरं सम्प्रार्थ्य वाञ्छितम् ।।१०३।। प्रसादं भक्षणं कृत्वा ययौ रात्रौ गृहं

---

श्री सत्यनारायण भगवानक कोप सँ हुनका लोकनिक कोनो प्रार्थना नहि सुनल गेलनि आ हुनका लोकनिक सब धन राजा चन्दकेतु लय लेलखिन ।।९९।। एहि श्राप सँ हुनका लोकनिक घरमे एहन चोरी भेलनि जे एको चुटकी किछु नहि रहय देलकनि संग-संग स्त्री रोगग्रसित भऽ गेलखिन ।।१००।। लीलावती चिन्तासँ ग्रसित भऽ अन्नाभावमे घरे-घरे भिक्षाटन करय लगलीह ।।१०१।। तहिना कलावतीयोक हाल भय गेलनि ओहो घरे-घर भीक्षाटन करय लगलीह एकदिन संध्याकाल भूखसँ व्याकुल भेल एकटा ब्राह्मणक ओहिठाम पहुँचलि ।।१०२।। ओहि समयमे ब्राह्मणक ओहिठाम श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा होइत छलनि से देखि कलावती सेहो बैसि भगवानक स्मरण करैत भगवान् सँ अपन दुःख दूर करबाक हेतु प्रार्थना कैलनि ।।१०३।। अन्तमे प्रसाद खाय रातिमे अपन घर

प्रति । ततो लीलावती कन्यां भर्त्सयामास तां भृशम् ॥१०४॥ पुत्रि रात्रौ स्थिता कुत्र किन्ते मनसि वर्त्तते । द्विजालये व्रतं मातर्दृष्टं वाञ्छितसिद्धिदम्। तत् श्रुत्वा कन्याकावाक्यं व्रतं कर्तुं समुद्यता ॥१०५॥ ससुता सा वणिग्भार्या सत्यनारायणस्य च । व्रतं हि कुरुते साध्वी बन्धुभिः स्वजनैः सह ॥१०६॥ भर्तृजामातरौ क्षिप्रमागच्छेतां निजाश्रमम् । इति देवं वरं याचे सत्यदेवं पुनः पुनः ॥१०७॥ अपराधञ्च भर्तुर्मे जामातुः क्षन्तुमर्हसि । व्रतेन तेनतुष्टोऽसौ सत्यनारायणः प्रभुः ॥१०८॥ दर्शयामास स्वप्नेहि चन्द्रकेतुं नृपोत्तमम्।

---

चल एलीह तखन हुनका माय लीलावती बहुत फज्झति कयलखिन आ पुछलखिन ॥१०४॥ तों रातिभर कतय वितेलैं? तोरा मान मे कि छौ से कह ? तखन कलावती उत्तर देलकनि हम ब्राह्मणक ओहिठाम मनोरथपूर्ति केनहार श्री सत्यदेव भगवानक पूजा देखैत छलहुँ! बेटीक मुहसँ एतबा सुनैत देरी लीलावती श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा करक हेतु तैयार भेलीह ॥१०५॥ वणिकक पत्नी माय-बेटी प्रातःकाल बन्धु-बान्धव परिजनक संग विधिपूर्वक श्रीसत्यनारायण पूजा कयलनि ॥१०६॥ ओ बारम्बार भगवानसँ याचना कयलनि जे हमर स्वामी आ जमाय जल्दी घर आबथि ॥१०७॥ हे क्षमा कयनिहार पुरुषोत्तम ! हमर स्वामी आ जमायक अपराध क्षमा करू ! लीलावतीक व्रतक प्रभावसँ भगवान् संतुष्ट भेलखिन ॥१०८॥ रातिमे राजा चन्द्रकेतुके भगवान् स्वप्न देलखिन जे हे नर श्रेष्ठ दूनू व्यापारीके जहलसँ काल्हि



बन्धनान्मोचय प्रातर्वणिजौ नृपसतम ॥१०९॥ देयं धनञ्च तत्सर्वं विधियुक्तं हृतञ्च यत्। नोचेत्त्वां नाशयिष्यामि सराज्यधनपुत्रकम् ॥११०॥ एवमाभाष्य राजानं ध्यानगम्योऽभवत् प्रभुः ॥ ततः प्रभात समये राजा च स्वजनैः सह ॥१११॥ उपविश्य सभामध्ये प्राह पौरजनान् प्रति । बद्धौ महाजनौ शीघ्रं मोचयध्वं वणिक्सुतौ ॥११२॥ इति राज्ञो वचः श्रुत्वा मोचयित्वा महाजनौ । समानीय नृपस्याग्रे प्रोचुस्ते विनयान्विताः ॥११३॥ आनीतौ द्वौ वणिक्पुत्रौ मुक्तौ निगड बंधनात् । ततो महाजनौ नत्वा चन्द्रकेतुं नृपोत्तमम् ॥११४॥ संस्मरंतौ पूर्व वृत्तान्तंविस्मयाद् भयविह्वलौ ।

---

निकालि दहुन ॥१०९॥ ओहि वणिकक यावन्तो धन सम्पत्ति लऽ लेने छहक से द्विगुना लगाक दऽ दहक नहि तखन बेटा-बेटी सहित राज-पाट नाश कऽ देबह ॥११०॥ एहि तरहक बात राजा चन्द्रकेतुके सुना भगवान् अलक्षित भऽ गेलाह तखन प्रातःकाल राजा अपन स्वजनक संग ॥१११॥ सभामे बैसि सभके स्वप्नक वृतांत कहि शीघ्राति-शीघ्र वणिक दुनू श्वसुर जमायक हथकड़ी खोलि जेलसँ बहार कऽ देबाक आदेश देलनि ॥११२॥ एतबा बचन सूनि सिपाही लोकनि जेलमे बन्द दूनू वणिकक हथकड़ी खोलि आदर पूर्वक राजाक निकट आनि विनय पूर्वक कहय लगलखिन ॥११३॥ महाराज हमरा लोकनि दूनू वणिक श्वसुर जमायकें वन्दीगृहसँ मुक्त क' आनल अछि। तहन दूनू गोटे महान् राजा चन्द्रकेतुके पणाम कयलनि ॥११४॥ पूर्व वृत्तांतके स्मरण कऽ महाजन लोकनि अत्यन्त भयभीत छलाह किन्तु राजा

राजा वणिक्सुतौ वीक्ष्य प्रोवाच सादरं वचः ॥११५॥ दैवात् प्राप्तं महद्दुःखमिदानीं नास्ति ते भयम्। इदानीं कर्तुमुचितं क्षौरकर्मादिकं च यत् ॥११६॥ ततो नृपाऽऽज्ञया सर्वं नित्यकर्म समाप्य च। शुक्लाम्बरधरौ शीघ्रं सभामध्ये समागतौ ॥११७॥ ततः नृपवरः श्रीमान् स्वर्णरत्नविभूषणैः। पुरस्कृत्य वणिक्पुत्रौ वचसा प्रीणयन् भृशम् ॥११८॥ पुरानीतञ्च यद्द्रव्यं द्विगुणीकृत्य दत्तवान्। प्रोवाच ततो राजा गच्छ साधो निजाश्रमम् ॥११९॥ राजानं प्रणिपत्याऽऽह गन्तव्यं त्वत्प्रसादतः ॥१२०॥

( इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्रीसत्यनारायण व्रत कथायां पञ्चमोऽध्यायः )

दूनू महाजनके भयभीत देखि आदरपूर्वक कहय लगलखिन ॥११५॥ हे वणिक ! दुर्भाग्यवश अहाँ लोकनि कें बहुत कष्ट भोगय पड़ल आब अहाँ लोकनि जहलवास जनित क्षौर कर्म कराय विहित प्रायश्चित कऽ पवित्र भऽ जाउ ॥११६॥ राजाक आदेश पावि दूनू महाजन छौर कर्म कराय स्नानादि कऽ स्वच्छ वस्त्र पहिरि राजाक समक्ष सभामे उपस्थित भेलाह ॥ ११७॥ तखन महाराज चन्द्रकेतु स्वर्ण रत्नादिसँ दूनू वणिकके पुरष्कृत कय मधुर वचन सँ संतुष्ट कयलनि ॥११८॥ जे धन हुनका लोकनिक लय लेने छलखिन पूर्वमे तकर दुगुना लगाकऽ दय देलखिन आ कहलखिन जे आई दूनू गोटे अपन घर जाउ ॥११९॥ तखन ओ दूनू गोटे राजाके प्रणाम कऽ कहलखिन आब हमरा लोकनि अपनेक कृपासँ घर जाइत छी ॥१२०॥



# अथ षष्ठोऽध्यायः

सूत उवाच—यात्रां कृत्वा ततः साधुर्मङ्गलाचारपूर्विकाम् । ब्राह्मणाय धनं दत्त्वा सहर्षं नगरं ययौ ॥१२१॥ कियद् दूरे गते साधौ सत्यनारायणः प्रभुः। जिज्ञासां कृतवान् साधो किमस्ति तरणौ तव ॥१२२॥ ततो महाजनो मत्तो हेलया च प्रहस्य च । कथं पृच्छसि भो दण्डिन् मुद्रां किं लब्धुमिच्छसि ॥१२३॥ लता पत्रादिकं चैव वर्तते तरणौ मम । निष्ठुरं च बचः श्रुत्वा सत्यं भवतुत्वद्वचः ॥१२४॥ एवमुक्त्वा गतः शीघ्रं दण्डी तस्य समीपतः । गते दण्डिनि साधुश्च कृतनित्यक्रियस्तदा ॥१२५॥ उत्थितां तरणीं दृष्ट्वा । विस्मयं परमं

श्री सूतजी बजलाह— ओ दूनू ब्राह्मण लोकनिके धन दैत मंगलाचारपूर्वक रत्नासार नामक नगर सँ अपना नगर दिस प्रस्थान कयलनि ॥१२१॥ किछु दूर गेला पर श्री सत्यनारायण भगवान् पुनः वणिकक परीक्षा लेवय चाहल ओ जाय बनियासँ पुछलखिन—हे साधु ! अहाँक नावमे की अछि ॥१२२॥ ताहि पर धनोन्मत्त महाजन हँसि कऽ कहलक—ई कथा अहाँ किएक पुछल कि अहाँके किछु लेबाक इच्छा अछि ॥१२३॥ हमरा नावमे घास-पात भरल अछि । वणिकक एहन निष्ठुर मन वचन सूनि दण्डीरूप भगवान् कहलथिन तोहर वचन सत्य हुअय ॥१२४॥ एतबा कहि ओ दण्डी शीघ्रहि ओहिठामसँ विदा भऽ गेलाह, दण्डीके गेलोपरात वणिक नित्यकर्म सँ निवृत्त भऽ नाव लग गेलाह ॥१२५॥ दूरहिसँ

ययौ। लतापत्रादिकं दृष्ट्वा मूर्च्छितोन्यपतद्भुवि ॥१२६॥ लब्धसंज्ञो वणिक्पुत्रः ततश्चिन्तान्वितोऽभवत्। शान्त्वयन् तं भृशं साधुः वचनञ्चेदमब्रवीत् ॥१२७॥ किमर्थं कुरुषे शोकं शापो दत्तश्च दण्डिना। शक्यते तेन सर्वं हि कर्तुं-हर्तुं न संशयः ॥१२८॥ अतस्तच्छरणं याहि वाञ्छितार्थो भविष्यति। जामातुश्च वचः श्रुत्वा तत्सकाशं गतस्तदा ॥१२९॥ दृष्ट्वा तु दण्डिनं भक्त्या नत्वा प्रोवाच सादरम्। मया दुरात्मना देव मुग्धेन तव मायया ॥१३०॥ यदुक्तं तद्वचो नाथ ! दोषं मे क्षन्तुमर्हसि। यतः परहिताः सर्वे क्षमासारा हि साधवः ॥१३१॥ पुनः पुनस्ततो नत्वा रुरोद शोकविह्वलः।

---

नावकें अलगल देखि परम आश्चर्य भेलनि तथा घास-पात सँ भरल नाव कें देखि मूर्च्छित भऽ गेलाह ॥१२६॥ होश एला पर वणिक अति चिन्तित भेलाह। तखन जमाय श्वसुरकें सांत्वना दैत कहलथिन ॥१२७॥ अहाँ व्यर्थ शोक करैत छी अहाँकें दण्डी श्राप दऽ चल गेलाह। हुनका सब किछु बनेबाक आ बिगारबाक सामर्थ्य छनि ॥१२८॥ अतएव हुनका शरणमे जाय क्षमाप्रार्थी होउ हुनके कृपासँ पुनः सब किछु प्राप्त भऽ सकैत अछि। ई जमायक वचन सूनि वणिक् दण्डी रूप धारी भगवानक ओहिठाम पहुँचलाह ॥१२९॥ ओतय जाय दण्डीके देखि प्रणाम कऽ भक्ति भावसँ निवेदन कयलथिन-हे देव ! हम अति दुरात्मा छी आ अपनेक माया सँ मुग्ध छी ॥१३०॥ हम जे अपनेकें असत्य कहल तकर जे हमर दोष तकरा क्षमा करू कारण साधु महात्मा दोसरक हित केनिहार क्षमाक मूल होइत अछि ॥१३१॥ एही



तमुवाच ततो दण्डी विलपंतं विलोक्य च ॥१३२॥ मा रोदीः शृणु मे वाक्यं मम पूजा वहिर्मुखः। मामवज्ञाय दुर्बुद्धे लब्धं दुःखं मुहुर्मुहुः ॥१३३॥ तच्छ्रुत्वा भगद्वाक्यं स्तुतिं कर्तुं समुद्यतः ॥१३४॥ साधुरुवाच-त्वन्मायामोहिताः सर्वे ब्रह्माद्यास्त्रिदिवौकसः। न जानन्ति गुणं रूपं तवाश्चर्यमिदं विभो ॥१३५॥ मूढोऽहं प्राक् कथं जाने मोहितस्तव मायया। प्रसीद पूजयिष्यामि यथा विभव विस्तरैः ॥१३६॥ पुत्रं वित्तं च संवृत्तिं पाहि मां शरणागतम् ॥१३७॥ श्रुत्वा स्तुत्यादिकंवाक्यं परितुष्टो जनार्दनः। वरञ्च वाञ्छितं दत्त्वा तत्रैवाऽन्तरधीयत ॥१३८॥ ततोऽसौ नावमारुह्य दृष्ट्वा रत्नादिपूरिताम्।

---

तरहें बारम्बार प्रणाम करैत अत्यन्त शोकातुर भऽ कानय लगलाह एहि तरहक वणिकक विलाप देखि दंडी कहलथिन ॥१३२॥ नहि कानह हमर वचन सूनह। हमर पूजा सँ विमुख भऽ सदा हमर अनादर करैत रहलह तैं तोरा बेर-बेर दुःख भोगै पड़ैत छह ॥१३३॥ दण्डी रूपधारी सत्यनारायण भगवानक वचन सूनि वणिक (महाजन) हुनक स्तुति करक हेतु उद्यत भेल ॥१३४॥ वणिक बाजल-हे प्रभो ! अपनेक अद्भुत गुण तथा रूपकें ब्रह्मो आदि देवता लोकनि नहि जनैत छथि ॥१३५॥ तखन हमरा सन मूर्ख अज्ञानी सत्संग बिना कोना जानि सकत अतः हे प्रभु ! हमर अपराध क्षमा करू हम यथाशक्ति विभवक अनुकूल अपनेक पूजा अवश्य करब ॥१३६॥ अतः आब हम पुनः शरणागत भेल छी अस्तु हमर धन जनक रक्षा करू ॥१३७॥ दुःखी महाजनक एहन करुण वचन सूनि भगवान् सन्तुष्ट भऽ वणिक के मनवांछित वरदान दऽ अन्तर्ध्यान भऽ गेलाह ॥१३८॥

कृपया सत्यदेवस्य सफलं वाञ्छितं मम । इत्युक्त्वा स्वजनैः सार्द्धं पूजां कृत्वा यथाविधि ।।१३९।। हर्षेण महता साधुः प्रयाणञ्चाऽकरोत्तदा । नावं संवाह्य वेगेन स्वदेशमगमत्तदा ।।१४०।। ततो जामातरं प्राह पश्य वत्स पुरीं मम। दूतञ्च प्रेषयामास निजवित्तस्य रक्षकम् ।।१४१।। ततोऽसौ नगरं गत्वा साधोर्भार्यां विलोक्य च । प्रोवाच वाञ्छितं वाक्यं नत्वा वद्धाञ्जलिस्तदा ।।१४२।। तटे तु नगरस्यैवजामात्रा सहितो वणिक् । आगतो बन्धुवर्गैश्च धनैर्बहुविधैस्तदा ।।१४३।। श्रुत्वा दूतस्य तद्वाक्यं महाहर्ष युता सती ।

---

तखन वणिक नाव पर जाय पूर्ववत् रत्नादिसँ भरल नावकें देखि अति प्रसन्न भऽ बन्धुलोकनिकें बजाय कहलखिन जे हमर मनोरथ श्री सत्यनारायण भगवानक कृपासँ पूरा भेल ई कहि स्वजन सहित श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा कयलनि ।।१३९।। रत्नादिसँ भरल नावकें लऽ खूब सम्हारि कऽ अपन गाम दिस प्रस्थान केलनि ।।१४०।। तखन जमायके कहलनि हे वत्स ! हमर गामके देखू एतहिसँ गाम देखा रहल अछि आ तखन अपन दूतके पठौलनि लीलाबती के सूचनार्थ ।।१४१।। ई सुनि दूत शीघ्राति-शीघ्र जाय व्यापारिक पत्नीके देखि हाथ जोड़ि कहलकनि ।।१४२।। शहरक नजदीकमे जमाय सहित सैठजी अपन बन्धुवर्गक संग प्रचूर धन ल–पहुँचि गेल छथि ।।१४३।।



सत्यपूजां ततः कृत्वा प्रोवाच तनुजां प्रति । व्रजामि शीघ्रमाऽऽगच्छ साधु संदर्शनाय च ।।१४४।। इति मातृवचः श्रुत्वा व्रतं कृत्वा समाप्य च। प्रसादञ्च परित्यज्य गता सापि पतिं प्रति ।।१४५।। तेन रुष्टः सत्यदेवो भर्त्तारं तरणिं तथा । संहृत्य च धनैः सार्द्धं जले तस्मिन् न्यमज्जयत् ।।१४६।। ततः कलावती कन्या नाऽवलोक्य निजंपतिम्। शोकेन महता तत्र रुदन्तीचापतद्भुवि ।।१४७।। दृष्ट्वा तथाविधां कन्यां न दृष्ट्वा तत्पतिं तरिम् । भीतेन महता साधुः किमाश्चर्यमिदं त्विति। विचिन्त्यमानास्ते सर्वे विस्माद्भयविह्वलाः ॥ १४८॥ ततो लीलावती साध्वी दृष्ट्वा च विह्वला

---

दूतक वचन सूनि लीलावती अति प्रसन्न भऽ श्रीसत्यदेवक पूजा कऽ कन्यासँ कहल हम जा रहल छी अहूँ पिताक दर्शनार्थ शीघ्र आयव ।।१४४।। मायक वचन सूनि कलावती एतेक ने प्रसन्न भेलीह जे घरमे जे व्रत समाप्त कैलनि से प्रसादो ने ग्रहण कयलनि आ पतिक दर्शन करक हेतु विदा भऽ गेलीह ।।१४५।। एहि व्यवहार सँ श्री सत्यदेव भगवान् पुनः नाराज भऽ कलावतीक स्वामीके धन सहित जलमे डुबा देलखिन ।।१४६।। तखन कलावती अपन पतिके नहि देखि शोकसँ कनैत-कनैत अचेत भ' गेलीह ।।१४७।। कलावतीक कानब आ हुनक स्वामी तथा नावके नहि देखि महाजन अत्यंत घबरयला जे कि भ' गेल । संग-संग नाविक सब सेहो चिन्ता सँ विह्वल भ' गेल ।।१४८।। तखन लीलावती अपन साध्वी कन्याके व्याकुल देखि अपन स्वामी सँ कहलनि ।।१४९।।

सती । विललापातिदुःखेन भर्त्तारञ्चेदमब्रवीत् ॥१४९॥ इदानीं नौकया सार्द्धमदृश्योऽभूदलक्षितः। न जाने केन देवेन हेलया चाऽपहारित : ॥१५०॥ सत्यदेवस्य माहात्म्यं किं वा ज्ञातुं न शक्यते । इत्युक्त्वा विललापाऽथ तत्रत्यैः स्वजनैः सह । ततो लीलावती कन्यां क्रोडे कृत्वा रुरोद च ॥१५१॥ ततः कलावती कन्या नष्टे स्वामिनि दुःखिता। गृहीत्वा पादुकां तस्य अनुगन्तुं मनोदधे ॥१५२॥ कन्यायाश्चरितं दृष्ट्वा सभार्यः सज्जनो वणिक् अतिशोकेन संतप्तश्चिन्तयामास धर्मवित् ॥१५३॥ हतो हि सत्यदेवेन जमाता सत्यमायया। सत्यपूजां करिष्यामि यथाविभवविस्तरैः ॥१५४॥ इति सर्वान् समाहूय

---

नहि जानि कोन देवतासँ हमरा चूक भेल जे नाव सहित जमाय अलक्षित भऽ गेलाह ॥१५०॥ आकि श्रीसत्यदेवक महिमाक पार कियो नहि पाबि सकैत अछि एतबा कहि ओहि नदीक किनार पर लीलावती अपन कन्याके कोरामे लय स्वजनक संग विलाप करय लगलीह ॥१५१॥ तखन कलावती निश्चित रूपसँ अपन स्वमीक मृत्यु भऽ जायब बूझि दुःखित होइत अपन स्वमीक खराम लऽ सती हेबाक हेतु उद्यत भऽ गेलीह ॥१५२॥ कन्याक ई दशा देखि स्त्री सहित ओ साधु वणिक् अत्यन्तशोकातुर भऽ चिन्ता करय लगलाह ॥१५३॥ निश्चय हमर जमाय सत्यदेवक माया जाल द्वारा लुप्त भऽ गेलाह अछि तैं अपन विभवक अनुसार हुनक पूजा करब निश्चय कैलनि ॥१५४॥ ई निश्चय कऽ अपन परिजन सवके बजाय मनक बात कहलथिन आ बारम्बार श्रीसत्यदेव



कथयँश्च मनोरथम् । नत्वा च दण्डवद्भूमौ सत्यदेवं पुनः पुनः ॥१५५॥ ततस्तुष्टः सत्यदेवो गगनाद् वणिजं प्रति। जगाद वचनञ्चेदं नैवेद्यञ्चाऽवमन्य च । आगता स्वामिनं द्रष्टुमतोऽदृश्योऽभवत् पतिः ॥१५६॥ गृहं गत्वा प्रसादञ्च भुक्त्वा चायाति चेत् पुनः। लब्धभर्त्री सुता साधो भविष्यति न संशयः ॥१५७॥ ततस्तु प्राणदं वाक्यं श्रुत्वा गगनमण्डलात्। क्षिप्रं तदा गृहं गत्वा प्रसादं प्रतिगृह्य च। अपश्यत् पुनरागत्य पतिं नाविजनैः सह ॥१५८॥ ततः कलावती तुष्टा जगाद पितरं प्रति। एहि तात ! गृहं यामो विलम्बं कुरुषे कथम् ॥१५९॥ तच्छ्रुत्वा कन्यकावाक्यं सन्तुष्टोऽभूद् वणिक्सुतः।

---

भगवानके प्रणाम कऽ क्षमाप्रार्थी भेलाह ॥१५५॥ तखन श्री सत्यदेव भगवान् संतुष्ट भ' आकाशवाणी केलखिन–तोहर बेटी हमर नैवेद्यक अनादर क' देलक आ स्वामीक दर्शन करय चल आयल अस्तु हुनक स्वामी अदृश्य भ' गेलखिन ॥१५६॥ आब यदि ओ पुनः घर जाय प्रसाद ग्रहण कऽ आबथि त' निःसन्देह हुनक पति भेटि जेथिन ॥१५७॥ तखन ई प्राणदायक वाक्यकें सूनि कलावती शीघ्र घर गेलीह आ भगवानक नैवेद्य ग्रहण क' पुनः अयलीह त' अपन स्वामीकें नाविक लोकनिक संग देखलनि ॥१५८॥ अपन पतिकें देखि कलावती अपन पिताक समीप जा कहलनि–आब देर कियैक करै छी जल्दी चलू ॥१५९॥ कन्याक वचन सूनि सेठजी अति प्रसन्न भ' विधानपूर्वक श्री सत्यदेव भगवानक पजा कऽ अपन वन्धवर्गक

**पूजनं सत्यदेवस्य कृत्वा बहुविधानतः। धनैर्बन्धुजनैः सार्द्धं जगाम निजमन्दिरम् ॥१६०॥ मासि मासि च संक्रान्त्यां पूजां कृत्वा यथाविधि। इह लोके सुखं भुक्त्वा चाऽन्ते सत्यपुरं ययौ ॥१६१॥ अथ चान्यत् प्रवक्ष्यामि शृणुध्वं मुनिसत्तमाः ॥१६1॥**

(इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां षष्ठोऽध्यायः)

# अथ सप्तमोऽध्यायः

**आसीद् वंशध्वजो राजा प्रजापालनतत्परः। प्रसादं सत्यदेवस्य त्यक्त्वा दुःखमवाप सः ॥१६३॥ एकदा स वनं गत्वा हत्वा बहुविधान् मृगान्। आगत्य वटमूले च दृष्ट्वा सत्यस्य पूजनम् ॥१६४॥ गोपाः कुर्वन्ति सन्तुष्टाः नृत्यगीतपरायणाः। राजा दृष्ट्वा तु दर्पेण नाऽऽगतो**

---

संग घर गेलाह॥१६०॥ ओहि दिनसँ मासे मास संक्रान्ति कऽ भगवानक पूजा क' एहि लोकक सुख भोगि अन्तमे स्वर्ग लोक प्राप्त कैलनि ॥१६१॥ हे मुनिश्रेष्ठ आब हम दोसर कथा कहैत छी अपने लोकनि सुनैत जाउ ॥१६२॥ वंशध्वज नामक एकटा राजा छलाह जे प्रजाक सेवा मे तत्पर रहैत छला ओ भगवानक प्रसादक अनादर कयलनि ओ महान् कष्ट भोगलनि ॥१६३॥ एक समयमे ओ शिकार करय जंगलगेलाह आ बहुत तरहक मृगा के मारि वरक गाछतर आबि श्री सत्यनारायण भगवानक पूजा देखलनि ॥१६४॥ ओतय गोप लोकनि नृत्य-गीतक



**न ननाम सः। ततो गोपगणाः सर्वे प्रसादं नृपसन्निधौ । संस्थाप्य पुनरागत्य भुक्त्वा सर्वैर्यथेप्सितम् ॥१६६॥ तत्प्रसादं परित्यज्य राजा दुःखमवाप्तवान्। तस्य पुत्रशतं नष्टं धनधान्यादिकञ्च यत् ॥१६७॥ सत्यदेवेन तत्सर्वं नाशितं मम निश्चितम् । अस्तस्तत्रैव गच्छामि यत्र देवस्य पूजनम्। मनसेति विनिश्चित्य ययौ गोपाल-सन्निधिम् । ततोऽसौ सत्यदेवस्य पूजां गोपगणैःसह । भक्ति श्रद्धान्वितो भूत्वा चकार विधिना नृपः ॥१६८॥ तद्व्रतस्य प्रभावेण धन -पुत्रान्वितोऽभवत् । इहलोके सुखं भुक्त्वा पश्चात् सत्यपुरं ययौ ॥१६९॥**

(इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथायां सप्तमोऽध्यायः)

---

संग पूजा कऽ रहल छलाह लेकिन राजा घमण्डे ने ओतय गेलाह ने प्रणाम कयलनि ॥१६५॥ तैयो गोप लोकनि राजाक निकट प्रसाद राखि पुनि पूजाक नजदीक आबि सब गोटे भगवानक प्रसाद खयलनि ॥१६६॥ ओहि प्रसाद के त्यागि राजा महा दुःख प्राप्त कयलनि ॥ हुनक जे एक सौ पुत्र छलनि तथा जतेक जे धन-सम्पत्ति छलनि सब नष्ट भऽ गेलनि ॥१६७॥ तखन ओ राजा सत्यदेव भगवानक पूजा गोपलोकनि संग श्रद्धा-भक्ति पूर्वक सविधि कयलनि ॥१६८॥ ओहि व्रतक प्रभावसँ पुनः धन आ पुत्र सँ युक्त भ' एहि लोकक सुख प्राप्त कऽ अन्तमे मोक्ष प्राप्त कयलनि॥

।। इति श्री स्कन्दपुराणे रेवाखण्डे श्री सत्यनारायण व्रत कथा समाप्ता ।।

✿

# अथ विसर्जनम्

तत्र प्रथममार्तिक्यम्–कर्पूरदीपमादाय ॐ चन्द्रादित्यौच धरणी विद्युदग्निस्तथैव च । त्वमेव सर्वज्योतिंषि आर्तिक्यम्प्रतिगृह्यताम् । इदमार्तिक्यं साङ्गाय सपरिवाराय ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः।

ततः पुष्पाञ्जलिमादाय–ॐ मालतीमल्लिकापुष्पैर्नागचम्पकसंयुतैः पुष्पाञ्जलिं गृहाणेदं पादाम्बुजयुगार्पितम्। एष पुष्पाञ्जलिः साङ्गाय सपरिवाराय ॐ भगवते श्री सत्यनारायणाय नमः।।

✪ ततः प्रदक्षिणा–ॐ यानि कानि च पापानि ब्रह्महत्या समानि च । तानि तानि प्रणश्यन्ति प्रदक्षिण पदे पदे। इति वारचतुष्टयं प्रदक्षिणीकृत्य प्रार्थयेदनेन–ॐ रूपं देहि यशो देहि भाग्यं केशव देहिमे। धर्मान् देहि धनं देहि सर्वान् कामान् प्रदेहि मे। इति संभाष्य विसर्जयेत्।।

विसर्जन–ॐ गणपत्यादिपञ्चदेवताः पूजितास्थ क्षमध्वम् स्वस्थानंगच्छत । ॐ भगवन् विष्णो पूतिजोऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानं गच्छ। ॐ लक्ष्मि पूजिताऽसि प्रसीद मयिरमस्व ।। ॐ सरस्वति पूजिताऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानं गच्छ। ॐ आदिपुरुष पूजितोऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानं गच्छ। ॐ अनादिपुरुष पूजितोऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानं गच्छ। ॐ इन्द्रादिदशदिक्पालाः पूजिताःस्थ क्षमध्वं स्वस्थानं गच्छत । ॐ नवग्रहाः पूजिताःस्थ क्षमध्वं स्वस्थानं गच्छत। ॐ ससीतरामलक्ष्मणौ पूजितौस्थः क्षमेयाथाम् स्वस्थानं गच्छतम्।

---

✪ प्रदक्षिणानियमः **बहवश्च परिशिष्टे**–एकां विनायके कुर्याद्द्वेश्रियां तिस्र ईश्वरे। चतस्रः केशवे कुर्यात्सप्तसूर्ये प्रदक्षिणा ।। अन्यत्र तु, एका चण्ड्या रवेः सप्त तिस्रः कार्या विनायके । हरेश्चतस्रः कर्त्तव्या शिवस्यार्घं प्रदक्षिणा ।।इति।।



ॐ भगवन् श्रीसत्यनारायण पूजितोऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानं गच्छ । ॐ गौरीशंकरौ पूजितौस्थः क्षमेयाथाम् स्वस्थानं गच्छतम् । ॐ ब्रह्मन् पूजितोऽसि प्रसीद क्षमस्व स्वस्थानंगच्छ।।

ततो दक्षिणा–कुशत्रय तिलजलान्यादाय–ॐ अस्यां रात्रौ कृतैतत सांगसायुध सवाहन-सपरिवार भगवन् श्रीसत्यनारायण पूजन तत्कथा श्रवण कर्मप्रतिष्ठार्थमेतावद्द्रव्यमूल्यक हिरण्यमग्निदैवतं यथानामगोत्राय ब्राह्मणाय दक्षिणा महन्ददे । ॐ स्वस्तीति प्रतिवचनम् । ततः पादोदकं पीत्वा यथाशक्ति ब्राह्मणान् भोजयित्वा स्वयमपि भुञ्जीत ।।

# संक्षिप्त शान्ति कलश स्थापन-विधिः

( पाटलिपुत्र प्रान्त मे क्वचित् दिनेमे कलस्थापनपूर्वक हवनान्त भगवानक पूजा होइछ ।)

उदकेन भूमिमभ्युक्ष्य सजलकुशाक्षतैः–ॐ कलशाधारशक्ते इहागच्छ इहतिष्ठ इत्यावाह्य एतानि पाद्यादीनि एषोऽर्घः ॐ कलशाधार शक्त्यै नमः ।। इति पञ्चोपचारैः सम्पूज्य भूमिं स्पृष्ट्वा– ॐ भूरसि भूमिरस्यदितिरसि विश्वधाया विश्वस्य भुवनस्य धर्त्री पृथिवीं दृग्वं पृथिवीं महिग्वं सीः।। इति भूशुद्धिं कृत्वा–ॐ मानस्तोके तनये मान आयुषि मानो गोषु मानोश्वेषु रीरिषः। मानो व्वीरान् रुद्रभामिनोधीर्हविष्मन्तः सदमित्वा हवामहे । इति गोमयेन भूमिमुपलिप्य–ॐ धान्यमसि धिनुहि देवान् प्राणायत्वोदानाय त्वा व्यानाय त्वा दीर्घामनुप्रसिति मायुषेधान् देवो वः सविता हिरण्यपाणिः प्रतिगृभ्णात्वच्छिद्रेण पाणिना चक्षुषे त्वा महीनां पयोसि । इति मन्त्रेण तदुपरि यवान् विकीर्य, कलशंगृहीत्वा–ॐ आजिघ्र कलशं मह्यात्वाविशन्त्विन्दवः! पुनरुर्ज्जानिवर्त्तस्व सा नः सहस्रम् धुक्ष्वोरुधारा पयस्वती पुनर्माव्विशतादरयिः । इति यवोपरि कलशं स्थापयेत् ततः–ॐ वरुणस्योत्तम्भनमसि वरुणस्य-स्कम्भसर्ज्जनीस्थो व्वरुणस्यऽऋतसदन्यसि व्वरुणस्यऽऋत

सदनमासीद ।। इति कलशे जलं दत्वा–ॐ याः फलिनीर्या अफलाऽअपुष्पा याश्च पुष्पिणीः । वृहस्पतिप्रसूतास्तानो मुञ्चत्वग्वं हसः । इति कलशे नारिकेलं पुगीफलं वा दत्त्वा–ॐ अम्बे अम्बिके अम्बालिके नमानयति कश्चन सशस्त्यश्वकः सुभद्रिकां काम्पीलवासीनीम् ।। इति कलशोपरि आम्रपल्लमवं दद्यात्। ततः–ॐ काण्डात् काण्डात् प्ररोहंती परुषः परुषस्परि। एवानो दूर्व्वे प्रतनु सहस्रेण शतेन च ।। इति कलशे दूर्वादलं प्रक्षिप्य–ॐ प्राणायस्वाहा, अपानाय स्वाहा, व्यानाय स्वाहा, इति कलशे ताम्बूलं दद्यात्। ततः–ॐ हिरण्यगर्भः समवर्ततताग्रे भूतस्य जातः पतिरेक आसीत्। सदाधारपृश्विवीं द्यामुतेमां कस्मै देवाय हविषा विधेम ।। इति कलशे द्रव्यं ( आज्यं ) क्षिपेत्। ततः–ॐ धान्यमसि इति पूर्वोक्त मंत्रेण दीपे यवान् दत्वा–ॐ अग्निर्ज्योतिर्ज्योतिरग्निः स्वाहा, सूर्यो ज्योतिर्ज्योर्तिः सूर्यः स्वाहा, अग्निर्वर्च्चो ज्योतिर्वर्च्चः स्वाहा। सूर्यो वर्च्चो ज्योतिवर्च्चः स्वाहा, ज्योतिः सूर्यः सूर्यो ज्योतिः स्वाहा । इति कलशोपरि प्रज्वलितदीपं दद्यात् ततः प्राणप्रतिष्ठां कुर्यादनेन ॐ मनोजूतिर्जुषतामाज्यस्य वृहस्पतिः यज्ञमिमन्तनोत्वरिष्टं यज्ञग्वं समिमं दधातु विश्वेदेवास इह मादयन्तामों प्रतिष्ठ। ॐ शान्तिकलशाधिष्ठित-गणेशादिदेवता इह सुप्रतिष्ठिता भवन्तु। इतिः प्रतिष्ठाप्य एतानि पाद्यादीनि शान्तिकलशाधिष्ठितदेवताभ्यो नमः। इति पूजयेत्। ( पूजान्तमे विसर्जनम् )



# संक्षिप्त हवन-विधिः

कुशत्रय-तिलजलान्यादाय–ॐ अद्य अमुक मासि अमुके पक्षे अमुक तिथौ साङ्ग सायुधसवाहन सपरिवार श्रीसत्यनारायणदेवप्रीतये अष्टोत्तरशतं आज्याहुतिरहं होष्यामि। इति हस्तमात्रां भूमिं कुशैः परिसमूह्य तान् कुशान् ऐशान्यां परित्यज्य गोमयेन उपलिप्य तस्योपरि प्रादेशमितां तिस्रो रेखामुल्लिख्य ताभ्यो मृदमुधृत्य ऐशान्यां क्षिपेत्। ततः कांस्यपात्रेण अग्निमुपसमाधााय स्रुवेण आज्याहुतिर्जुहुयात् ॐ भूः स्वाहा इदं भूः । ॐ भुवः स्वाहा, इदं भुवः। ॐ स्वः स्वाहाः, इदं स्वः । ततः वह्नौ–ॐ भगवन् श्री सत्यनारायण इहागच्छ इहतिष्ठ इति पञ्चोपचारैः सम्पूज्य–"ॐ श्री सत्यनारायणाय स्वाहा"। इति मूलमन्त्रेण अष्टोत्तरशतं सहस्रं वा आज्याहुतिर्जुहुयात्। ततः पुगीफल, ताम्बूल-घृतादिभिः पूर्णाहुतिं कुर्यात् ॐ मूर्द्धानं दिवोऽरतिं पृथिव्या वैश्वानरमृत अग्निंजातमग्निं् कविग्वं सम्राज मतिथिं जनानामासन्ना पात्रं जनयन्त देवाः स्वाहा। ततः स्रुवेण भस्म आनीय त्र्यायुषं कुर्यात्–ॐ त्र्यायुषं जमदग्नेः इति ललाटे। ॐ कश्यपस्य त्र्यायुषम् इति ग्रीवायाम् ॐ यद्देवेषु त्र्यायुषम, इति दक्षिण बाहुमूले। ॐ तन्नोऽस्तु त्र्यायुषम, इति हृदि। इति हवन विधिः।

# !! आरती !!

जय लक्ष्मी रमणा श्री जय लक्ष्मी रमणा,
सत्यनारायण स्वामी जन पातक हरणा ।। टेक ।।

रत्न जड़ित सिंहासन अद्भुत छबि राजे
नारद कहत निरंजन घण्टा ध्वनि बाजे ।। जय० ।।

प्रगट भयो कलि कारण द्विज को दर्श दियो,
बूढ़ा ब्राह्मण बनकर कंचन महल कियो ।। जय० ।।

दुर्बल भील कराल इन पर कृपा करी,
चन्द्रचूड़ एक राजा तिनकी विपत्तिहरी ।। जय० ।।

वैश्य मनोरथ पायो श्रद्धा तज दीनो,
सो फल भोग्यो प्रभुजी फेर स्तुति कीनो ।। जय० ।।

भाव भक्ति के कारण क्षण क्षण रूप धरो,
श्रद्धा धारण कीनो तिनको काज सरो ।। जय० ।।

ग्वाला बाल संग राजा बन मे भक्ति करी,
मन वांछित फल दीना दीनदयाल हरी ।। जय० ।।

चढ़त प्रसाद सवाया कदली फल मेवा,
धूप दीप तुलसी से राजी सत्य देवा ।। जय० ।।

श्री सत्यनारायण जी की आरती जो कोई गावे,
कहल शिवानन्द स्वमी मनवांछित फल पावे ।। जय० ।।

---

* © प्रकाशकाधीन

* कम्पोजिंग—आकृति कम्प्यूटर धरहरा कोठी नया टोला पटना-4

* मुद्रक :- पूर्णिमा प्रिंटर्स, मुसल्लहपुर, पटना-6